ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХЕКIАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№207 (21.865) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 30, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. и деж Пщlэ зыхуэтщI Арсен Башир и къуэ!

Ди гуапэу дынохъуэхъу республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щlэгъэхуэбжьэным къаруушхуэ зэрыриухьэлIам икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу уэрыльажьэм папщlэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щlэныгъэмкIэ щlыхь зиlэ и лэжьакIуэ» цlэ льапIэр фlэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Iэщlагъэ куу зиlэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным къаруушхуэ зэрыриухьэлIам икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыльажьэм папщlэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щlэныгъэмкIэ щlыхь зиlэ и лэжьакIуэ» цlэ льапIэр фlэщым **Хьурей Арсен Мухьэмэд и къуэм** - «Бэрбэч Хь.М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал ерджанIэм органикэ химиемрэ молекулэ льагэу зэхэлъ пкъыгъуэхэмкIэ и кафедрэм и профессорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№129-УП

Канунниковэ Т.Г. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Жылагъуэ Iуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтым икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыльажьэм папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъыр етын **Канунниковэ Татьянэ Георгий и пхъум** - «Урысей зэкъэгъэ-политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм и гъэзэщlакIуэ комитетым парт ухуэкIэмкIэ и къудамэм и унафэщlым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м
№130-УП

● Дыгъуасэ

Пресс-конференцыр йокIуэкI.

Щlакхъуэгъажьэхэм я гурылъ инхэр

Щlакхъуэ гъэжьакIэмкIэ «Щlакхъуэр - мамырыгъэщ» ялэ Кавказ Кубокым и зэпеуэм «Нарт» хьэщlэщым дыгъуасэ щыпащащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхьыр абы щагъэмащ. Къэббалъкъэрспортребсоюзым и «Зэкъуэтныгъэ» Iуэхущlапlэм и «Щlакхъуэ завод» ООО-м щыщхэу Къарэ Вячеслав, Тыкъуэ Любэ, Мэрем Хьэлимэт сымэ.

КУБОКЫМ хуагъэхьэзыра Iуэхуэгъуэхэм хьыбэу «Синдика» хьэщlэщым дыгъуасэ сыхьэти 10-м щызэхашащ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм и хэгъуэгъэм я социально-экономикэ зыужьныныгъэм и Iэмалхэр: инновацlэ лъабжьэхэр» зыфlаща конференц. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэм и чэнджэщэгъу Никулищев Евгений.

Щlакхъуэгъажьэхэмрэ Iэфыкlэ къыщIэзэгъэкIхэмрэ я Урысей Гильдием и Президент Кадрельсон Юрэ къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхуэсыр КИФЩlм иджы ялэу зэрыщыщэхуаблар, ар нобэ мыхьэнэшхуэ зиlэ, щыхуэхэр зыхуей жэрдэму икIи игъуэ дыдэу зэрыщытыр.

- Зэрыдубзыхуам тету, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм гъэ къэс щlакхъуэ гъэжьэным теухуа конференц щедгъэкIуэкIынущ, - жиlащ абы. - Нобэ я Iуэхугъуэр хьэрычэт Iэнатlэ щlыкIумрэ ику итымрэ хабжэ. УФ-м и щlакхъуэгъажьэхэм финанс кризисыр кууэ къажьэхэхуакъым, сыту жьлIэмэ а ерыскъыр псом ящхьщ. Щlыхуэзм махуэ къэс щlакхъуэмрэ булкэхэмрэ ахъшэ нэхъыбэ трагъэкIуадэ.

Кадрельсон Юрэ къыззригъэлъэгъуамкIэ, КИФЩlм и ференц щедгъэкIуэкIынущ, - жиlащ абы. - Нобэ я Iуэхугъуэр хьэрычэт Iэнатlэ щlыкIумрэ ику итымрэ хабжэ. УФ-м и щlакхъуэгъажьэхэм финанс кризисыр кууэ къажьэхэхуакъым, сыту жьлIэмэ а ерыскъыр псом ящхьщ. Щlыхуэзм махуэ къэс щlакхъуэмрэ булкэхэмрэ ахъшэ нэхъыбэ трагъэкIуадэ.

Кадрельсон Юрэ къыззригъэлъэгъуамкIэ, КИФЩlм и шхыныгъуэхэр къыщIыщIэзыгъэкIэхэм я бжыгъэм хощI. Къапщтэмэ, иджыпсту ар зэрыхъур Урысейм илъэсым щагъэхьэзырым и проценти 5,7-рэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым процент 35-р нэгъуэщI щlыпIэхэм къреш. Мы Iэнатlэм зиужьын щхьэкIэ, щlакхъуэ гъэжьэным пэрыт Iэщlагъэлlхэм я бжыгъэм хуэдэ 2-м щIигъукIэ хэхуэн хуейщ.

- Iуэхур нэрылъагъуу ипэкIэ кIуэтэн папщlэ, гъэзэщlакIуэ властым я федеральнэ, муниципальнэ, щlыналъэ, хабзэгъэуэн органхэм я псалъэ жалапхъэщ, Iэмал гъэунэхуэхэмкIэ зыщlагъэкъуапхъэщ. Абы щытыкIэм зыкъыдигъэзэнущ,- кIыхьисIэщащ къэпсэлъам.

Нэхъыщхьэу лэжьыпхъэхэр зэхьыхьэм щагъэнэIуащ. Программэм хохьэ щlакхъуэгъажьэхэм я зэпеуэхэр я лъабжьэу а Iэнатlэм и зэфIэкIым хэгъэхъэуныр, инвестицIэхэр къыхегъэлъхьэныр, щlыпIэхэм щlакхъуэ-булкэхэкIхэм я уасэхэм зэрызахъэжьым кIэлъыплъныр, дэнэкIи дахьэу Iэнатlэщ Iэхэр къыщIыз-Iуныр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъа КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбийрэ КъБКъМА-м и проректор ЩIыхьмырзэ Мухьэмэдэрэ ерджанIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхущlафэхэм, щlакхъуэгъажьапIэхэм, абыхэм пыщIа Iэнатlэхэм я Iэщlагъэлlхэр зэрагъэхьэзыр щlыкIэм зэхуэсахэр хагъэгъуаззэри, зэIущIэм и кIыгъэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ. Я унафэм щlэтхэр зэрызэдзлэжььэным теухуа зэгурыIуэныгъэм Къарэмырзэ Барэсбийрэ Кацнельсон Юрэрэ Iэ щlадзащ.

Я Iуэху еплъыкIэхэр къаIуатэу зэIущIэм къыщыпсэльащ Дагъыстэн Республикэм и Антимонопольнэ Iуэхущlапlэм и унафэщI Кубасаев Магомед, УФ-м и Центроосоюзым и Советым и Iэтащхьэ Кузнецов Евгений, «Урысейм и щlэгъэкъуэн» жылагъуэ организацIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ хуэдизкIэ и нэхъыжь КIыльлъшыкIуэ Альберт сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩlакхъуэгъажьэкIэмкIэ екIуэкIа япэ Кавказ Кубокым и зэпеуэм бжыкIуахэр нобэ «Нарт» хьэщlэщым щызэхалъхьэжьынущ, текIуахэр щагъэлъэпIэнущ. КъищынэмыщIауэ, Абхъазым и щlэр зезыхьэ утыкум зэхьэзэхуэм хэтахэм я Iэдакъэщlэкlэхэр щагъэльэгъуэну жармыкIэ къыщыззрагъэпэщынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Щlакхъуэгъажьэхэм Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм трауха я Iэдакъэщlэкlэхэр.
Сурэтхэр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. и деж Пщlэ зыхуэтщI Арсен Башир и къуэ!

Ди гуапэу дынохъуэхъу республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щlэгъэхуэбжьэным къаруушхуэ зэрепхьэлIэм икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу уэрыльажьэм «Хэкум и пащхьэ» фIыщIэм папщlэ» орденым и IV нагъыщIэр пхуэфащэу кыиэрэыуатамкIэ.

Апхуэдэу ди гуапэщ щlэуэ кьыиэбгъэпэщыжа уи лэжьагъу гупым уаахэту щlыхубзм я фIыгъуэм фIыиэгурыIуэу икIи фIыиэжьыуэ фытелэжьну, уи мурад псори гъэзэщlэныкIэ ехьулIэныгъэ инхэр кьэпхьыну.

Сыт щlыгъуи зыпщlэдгъэкъуэну, дыбдэjэпыкIуну дыхьэзырщ.

КIЫЩ Мухьэдин, МОСС Дианэ Жаклин
Испание, 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м

● Жэпуэгъуэм и 31-р Автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Псоми я сэбэп хэлъщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм жыджэру зыщIижь мы зэманым автомобиль транспортым и кьалэнымрэ и мыхьэнэмрэ хэхьуэ зэпытщ. АбыкIэ хьэлъэхэмрэ щlыхуэхмрэ я щlыналъэхэр щlыхуэхмрэ я процент 75-м нэблагъэр ягъэIэнэхьу. А Iэнатlэм зэрытщ лэжьакIуэ мин 3,5-рэ.

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и УГИБДД-м кьызэритамкIэ, республикэм автомототранспорту мин 200-м нэблагъэ щатхащ. Мини 6-р автобусщ. Абыхэм ящыщу мини 2,5-м я лэжьыгъэр щlыпIэ самоуправленэмрэ гъэзэщlакIуэ властымрэ къызэрагъэпэщ икIи зэпымыуэ щlыхуэхэр кьращlкI.

Автотранспорт предприятэ зэмылIэужьыгъуэу 28-м районым, кьалэ кIуэцIхэр, куейхэр, щlыналъэхэр, нэгъуэщI къэралхэр маршрут 223-кIэ зэпащlэ. Урысейм и адрей щlыпIэ куэдми хуэдэу, щlыхуэхэр кьешэжкIыным и кьызэгъэпэщыкIэм дэрэ лъэпощхьэпо Iэджэм дыщыхуоуэ. Ар кьыхокI абы и лъэныкъуэкIэ кьуэ кьалэнхэр зэуIуу зыунэтI законодательнэ лъабжьэ быдэ зэрыщымыIэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Махуэхэр Мэзкуу щыщрагъэжькIым щыгъуэ, Федерацэмкlэ Советым Промышленнэ политикэмкIэ и комитетым и зэIущIэм ди Iуэху еплъыкIэхэр щыдгъэнэIуати, щlыналъэхэм щызекIуэ хабзэхэр зэхуэзыгъэкIуэну зыуэ щыт нормatив-правовой щlалъэ кьызэгъэпэщын хуейуэ зэрыщlыкьытIар кьыддаIыгъащ.

Бгъущ гъэхэм я пэщlэдзэм кьыхалъхьа реформэхэм щыхуэхэр кьызэрыращэкI щlыкIэр зохагъэзэрыхъащ. АбыкIэ хабзэр кьэралым зэхуэдэу щагъэувами, щlыпIэхэм ар зэрыхуейм хуэдэу щагъэзэащlэ. Псоми кьагъэсэбэп транспорткIэ щlыхуэхэр кьешэжкIыным зэкIэлъызыгъакIуэ хабзэ хэха иджыри кьыздэсым зимыIэ адрей щlыналъэхэм кьащхьщыкIыну ди деж щолажьэ «Псоми кьагъэсэбэп автомобиль, кьалэ щlыбгъущI гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым и Iуэхукlэ» КЪБР-м и Законыр, апхуэдэу «Автомобиль, электрическэ транспорткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щlыхуэхэр кьышцешэжкIынымрэ кьызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» республикэм и Правительствэм и Унафэр догъэщащlэ.

«Транспортым и Iэнатlэм Iэщlыхуэм я щlынагъуэншагъэр зэуIуу кьыщызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» 2010 гъэм гъатхэпкIэ и 31-м УФ-м и Президентым кьыдигъэкIа Указ №403-м ипкъ иткIэ, муниципальнэ, щlыналъэ зэхуакуэм щlыхуэхэр кьыщезышIынуэр зэпеуэкlэ кьызэрыхах щlыкIэр щlэуэ зэхэтлъхьащ. КЪБР-м и Президентым кьытщищlа пщэрылъым тету, 2011 - 2015 гъэхэм автомобиль пассажир транспортым зэрызедгъэуэжьыным и ведомствэ программэ дгъэхьэзыращ. Абы лъабжьэ хуэтщIащ «2002 - 2010 гъэхэм Урысейм и транспорт Iэнатlэм зэрызиужьынур» федеральнэ программэ хэхар, УФ-м и Къэрал транспорт политикэм и концепцэмрэ 2009 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псоми кьагъэсэбэп пассажир транспортым зэрызыщижьынум и унэтIыныгъэхэмрэ.

Нэхъыбэ щlэныгъэ гулытэ зыхуэщlынутхэр Iуэхуэгъуэхэм ящыщу кьокIуэкI жылагъуэ транспортыр къэгъэщlэрэщlэжьынр. Нэгъабэ автопредприятэхэм автобусыщIэу 180-м щlигъу яIэрыхьащ. Абыхэм ящыщу автобус 50-мрэ троллейбуси 5-мрэ КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я фIыщIэкIэ къэтщэхуащ. А Iуэхум дяпэкIи бюджетым щымыщ инвестицэхэр кьышыдгъэсэбэпынущ. Дызыхуэкlуэ ильэситхум кьриубыдэу пассажир транспортым и паркыр процент 34-кIэ кьдгъэшIэрэщlэну ди мурадщ, щlыхь нэхьыбэ зэрыхуэм хуэдэу 650-рэ кьэтщэхунущ. Жылагъуэ псомикIэух кьэувыIэпIэхэр зыщlIэну маршрутыщIэу 40 кьызэIутхынущ.

Ильэсыщlэм щагъэжьауэ махуэ кьэс щlыхуэхэр зэрызекIуэ транспортым «Связым и навигацэ системэ зыубгъуам» (ГЛОНААС-м) и Iэмэпсымэхэр игъэувэным щIэддзэнущ. Абыхэмкlэ жылагъуэ транспортыр зэрызекIуэм, щlыхуэхэр кьызэрыращlам кIэлъыплъынущ. И кьалэн нэхьыщхьэр гъуэгум техьхэм я щlынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынырщ, шоферхэр я щlэрылъхэм зэрехьлIэр зэгъэщlэнырщ, я лэжьыгъэр хабзэ хэхам тету зэкIэлъыгъэкIуэнырщ.

Автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм я махуэр рулыр зыщIэ псоми епхьэлIэ хъуну кьалытэ. Ауэ ди кьалэнхэр екъулIэныгъэкIэ зыгъэзэщlэну кьызыпэщытыр автотранспорт предприятэхэм я унафэщI, лэжьакIуэ Iэзэхэрэ, автосервисхэм, автовокзалхэрэ автостанцэхэмрэ я Iэщlагъэлlхэр, ремонт зыщI Iэпщlэльапщlэхэмрэ шоферхэмрэщ. Я Iэнатlэ мытынщым дапщэщи узынщэу пэрытыну, насыпрэ зэIуэзэпщыныгъэрэ псоми яIэну си гуапэщ.

СУНШ Ануарбий,
КЪБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ.

Мелуан 200-м яхурикъунут

Урысей Федерацэм и ФСКН-м и унафэщI Иванов Виктор дыгъуасэ екIуэкIа пресс-конференцым зэрыщыжиIамкIэ, УФ-мрэ США-мрэ я хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэр ягъуэгъуэ сугъэсакIащ. Афганистаным щlыIэ нарколабораторие 4 зэтекIутэным. Абы и фIыгъэкIэ, наркотик кьыщIэзыгъэкI щlэпхьаджащlэхэм яфIэкIуэдащ доллар зы мелардым щlигъу.

Иванов Виктор дыгъуасэгъэлъагъэуэмкIэ, хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэр щызэдгъэлэжьар километр зыбжанэкIэ пэжыжьэу аращ Пакистанымрэ Афганистанымрэ я къэрал гъунапкъэхэм. Зэхаугъэта лабораторэу щым афиян (героин), зым морфин щащlырт.

Лабораторэхэр зэхэкъутэным хэтащ Урысейм и ФСКН-р, Афганистаным и МВД-р, США-м и специальнэ, кьагъэсэбэпащ НАТО-м и вертолети 9. Афияну ягъэсар цIыху мелуан 200-м зэкъэтэсэбэныгъэ яхуэхъунут.

ЩытыкIэр щызэщIоплъэ

Франджым я хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэ зэмылIужьыныгъэхэм кьызэрагъэлъагъэмкIэ, пенсэ Iуэхуэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ мыарэзыгъэ вэсэмахуэ уэрамым щызэхуэсахэм я бжыгъэр щIыху мин 560-м щыщIэдзауэ мелуани 2-м ноблагъэ.

ЩIыху нэхьыбэ зыхэтар Париж щекIуэкIа демонстрацIэращ. Абыхэм я бжыгъэр щIыху мини 170-м нос. Сыхьэт зыбжанэкIэ ахэр кьалэм и уэрам нэхьыщхьэхэм ирикIуащ бэракъэмрэ транспорантхэмрэ яIыгъыу, «Интернационал», «Марсельезэ» уэрэдхэр жаIуу, правительствэм техьущlыхьыу кьыхэкIиныкIыу.

Пенсэ Iуэхуэхм зэхъуэкIыныгъэ хэзыльхьэ законым Франджым и президентым Iэ щIидзынущ щэкIуэгъуэм икъуэм. АпщIондэ Iуэхуэм зэхэтыну жаIэ зыкъэзыIэтахэм.

Израильр егъэгузавэ

Израильм и премьер-министр Нетаньяху Биньямин дуней псор кьыхуредж мамырыгъэм теухуауэ журналистищ зэпсэлъащlэгъэхэм кьыщиримыщIа, Палестинэм ящlжьыщу Iуэхуэхэм щыщу зыри дамыIыгъыну.

Ар къыгъэзыгъащlа Израильр якъамылыIэу, 1967 гъэм щыIа къэрал гъунапкъэхэм гещlыкIыну. Палестинэ къэрадыгъуэ хуэщIын и Iуэхукlэ ООН-м ЩыналъэгъущlагъэмкIэ и Советым зыхуагъэзэну Палестинэ лъэпкъ администрацэм и унафэщI Аббас Махьмуд зэрыжиIам.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, мамырыгъэм теухуауэ журтхэмрэ палестинхэмрэ я зэхуаку дэлъа зэпсэльэныгъэхэр фокIадэм къызэпаудат, ауэ къуажэхэр Палестинэ щlыналъэм щаухъэщlадзэжри. Иджы Нетаньяху хэтщ ООН-м Iуэхур нимыгъэсыну, акъылэгъу кьыдэхуэн кьигъуэтыну. Псом ящlэ апхуэдэхэр къыщlыхьыхуэр США-ращ. Ар Iущlащ Америкм и сенатор Либерман Джо.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 30, щэбэт

◆ Политикэ Iуэхукlэ зэхэзехуэн ящlахэм я махуэщ

◆ Урысейпсо гимнастикэм и махуэщ

◆ 1905 гъэм дипломат зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ хъуащ Урысеймрэ Норвегиемрэ.

◆ Жэпуэгъуэм и 30 - щэкIуэгъуэм и 5-хэм Гонконг (КНР) щекIуэкIынущ Урысей-Азиэ инвестицIэ форум.

◆ 1711 гъэм Къэбэрдейм и щу гупым Мурад сулътIаныр зи пащэ тыркудзэр хигъэщlащ щытащ.

Жэпуэгъуэм и 31, тхьэмахуэ

◆ Тенджыз фIыщIэм и дуейпсо махуэщ

◆ Автомобиль транспортым и лэжьакIуэм и махуэщ

◆ Экономиемрэ и дуейпсо махуэщ

◆ Украинэм щlыпIэ властым и органхэмрэ Крым автономиемрэ и парламентымрэ щыхах.

◆ ЩIымахуэ зэманым дыхуокIуэ.

Щlыгъуэм и 1, блыщlхьэ

◆ Суд приставым и махуэщ

◆ Щlэкlуэгъуэм и 1 - 5-хэм Лондон (Инджылыз) щызэхэтынущ дунейпсо тенджызэ организацэм и Советым и 105-нэ сессие.

◆ 1922 гъэм Налшык парт школ къыщызэIуахащ.

◆ 1936 гъэм Налшык Къэрал драмэ театр къыщызэIуахащ.

Гъэзетэр зыгъэхьэзырар **ГУЪЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Емрэ фIымрэ зымыщIэми имыщIэ щымыIэу къыфIощI.



● Дзэлыкъуэ куей

Бжьыхьэсэм йолэжь

Дзэлыкъуэ куейм мы гъэр икIыну бжьыхьэсэ гъавэр гектар мини 5-м щIигъуэм щыхасэнущ. Абы щыщу гектар мини 4,5-р гуэдзэщ, 500-м щIигъур хьэщIийщ.

БЖЬЫХЬЭ вэн-сэныр кьрахьэлIэ мэкъумэщ техникэ 67-кIэ. И чэзум фIымышу губгъуэ лэжьыгъэр кьрахьэлIэн папщlэ зы жэщ-махуэм кьриубыдэу механизаторхэм гектар 500 мы-нэхъ мащlэ кьрагъэбатэ. Иджыри къэс бжьыхьэсэр щlызэфIэмыкIам щхьэусыгъуэ хуэхъуащ нартыхумрэ сэхуарынымрэ кьрамыхьэлIэжу ахэр зытет щIыр явэ зэрымыхьуар.

Мы зэманым ирихьэлIэу силосыпхъэ нартыхур кьрахьэлIэжри мащэхэм иралъхьэжащ. ЩIыр явэкIэ бжьыхьэсэм ехьэлIа Iуэху псори зэфIэкIыркъым: жылапхъэр щIым халъхьэн и пэ кьихуэу щIыгъэпщэрхэмрэ гьатхэм пасэу гъавапкъэр зыщIэзыщтэ удзыжьхэмрэ зэребэн хущхъуэгъуэхэмкIэ вагъэм елэжьын хуейщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Лауреатэхэм хабжэ

АДЫГЕЙ. ***Дунейпсо инвестицэ саугъэтым и эксперт комиссэм и зэIущIэм щагъэбзыхуэ, экономикэ, мыхьэнэ зиIэ жылагъуэ, нэгъуэщI Iэнатlэхэм зегъэужьыным 2009 гъэм мыльку нэхьыбэ зыхалъхьа Урысейм и щlыналъэхэр. Ижь екъулIэныгъэфI зиIэхэм хабжащ Адыгеир.***

УНЭТIныгъэ зыбжанэм тещlыхьауэ кьыхаха щlыналъэ нэхьыфIхэм адэкIи тезыгъэгушхуэну саугъэтхэр хуагъэфэщащ. Мы гъэм ягъэува дамыгъэр - жэзым кьыжьыIа, платинэрэ дыщэрэ зытегъэтъэда, килограммри 5,5-рэ зи хьэпIащ статуэткэхэр - дыгъэгъаэм и 21-м гуфIэгъуэ щlытыкIэм иту лауреатхэм ратынущ.

Нэхьыбэм даIыгъ

Республикэм и парламентым дыдыгащ Урысей Федерацэм и щlыналъэхэм я унафэщIхэм «президент»-кIэ емыджэным теухуа законопроектыр.

- СЫЗЭРЕПЛЪМКIЭ , мыгувэу зыхэпхъэну а проектыр акъыл зыхэтыщ. Ди депутатхэм ящlыщу 46-р абы кьыщыгъэтхъэгъуа унафэмкIэ арэзыщlащ, - жиIащ Адыгеим и Къэрал Зэхуэс-Хасэм и унафэщI Иванов Анатолий.

Абхъазым ирегъэблагъэ

АБХЪАЗ. ***Урысей Федерацэм къэралкIуэцI Iуэхуэхмкlэ и министр Нургалиев Рашид дыгъуасэ Гагрэ щlыпщlащ президент Бгъэлпщ Сергейрэ республикэм къэралкIуэцI Iуэхуэмкlэ и министр Дзэпщыбзэ Леонидрэ.***

УФ и МВД-м и унафэщlым Абхъазым и президентым республикэм зэрыригъэблагъэм папщlэ фIыщlэ хуищlащ. АдэкIэ иригъэкIуэкIащ УФ-м и МВД-м, Краснодар краймрэ ГУБД-м, Сочэ и МВД-м, Абхъазэ МВД-м я унафэщlэхэр зыхэта зэIущlэ. Абы щытепсэлъыхьащ щlэныкъуэитIыр зэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэхэм. Нургалиев Рашидрэ Бгъэлпщ Сергейрэ гупIытэ нэхъ зыхуэщlыпхъэхэм щхьэхуэу кьытеувыIащ.

УЭЦОКIУЭ Женя.

Еджакlуэхэм я зыгъэпсэхугъуэр

ШколакIуэхэм я бжьыхьэ зыгъэпсэхугъуэр къэблагъащ. Прохладнэ куейм и курыт еджапIэхэм кьыщызэIуахыну дагерь 18-м нЫжьыщlэ 519-м зыщагъэпсэхунущ. Илъэсыр 6-м кьыщыщlэдзауэ 15-м нэс зи нЫжьы щыкIуэхэр кьрагъэблагъащ абы, я нэхьыбапIэкIэ адэр бынуэрызэщlэуэхэм, унагъуэ хуэмыщlакъэм кьаухэкIа сабийхэмрэ нЫжьыщlэ «гурыIуэмрэщ».

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ тхьэмахуэм а щыкIуэхэм Iуэхугъуэ гъэщlэгъуэн куэд кьаполлъэ. Кьыщынэмыщlауэ, школакIуэхэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнущ, ябгъэдэль зэчиимэ зрагъэжьынущ.

Прохладнэ куейм и администрацэм и пресс-лэжьакIуэ Пылырёвэ Ириндэ хьыбар кьыззэрыдригъэщlамкIэ, Дальнее кьуажэм щlэ лагерым кьекIуэлIэну щыкIуэхэм абы зэрыщlэнэну дэтхэнэ я зы махуэри Iуэхугъуэ пыухыкIа гуэрым хуэхэуэ щытынущ. Псалъэм папщlэ, творчествэм и махуэм лагерым кьыщызэрагъэпэщынущ гъэльэгъуэныгъэхэр, сурэт щынымкIэ зэпеуэхэр. Псысэхэм я махуэм щыиуэхэм Iэмал яIэнущ фIыуэ я яльагъу персонажхэм «я пIэ иувэну».

Апхуэдэу гъэщlэгъуэну екIуэкIыну тхьэмахуэм ныбжьыщlэхэр Iэфlу, щlэщlагъуэу, узынщlагъэм дежкIэ сэбэпну зэрагъэщхьэнуми егупсысащ.

ШЫПШ Даянэ.

Къайсын и илъэс 93-р

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым щlыхуэхэр кърегъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыхубз тхакIуэ, Лесмин саугъэтым и лауреат Кулиев Къайсын къызэралъхуэ илъэс 93-рэ зэрырикъум и щlыхькIэ 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м иригъэкIуэкIыну дауэдапщхэм хэтыну.

А махуэм сыхьэти 10-м Налшык кьалэм Кулиевым и уэрамым усакIуэм и фэеплъу тетым удз гъэгъаэр тралъхьэнущ. Абы и ужькIэ (сыхьэт 12-м) кьызэхуэсахэр усакIуэм и уиэ-мазэуэр Щэджэм кьалэм щlым еплъынущ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щlэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэнIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдэ хъунущ республикэм и почтт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531



Серноводское (Иналхъыжъ) къуажэм и дыхьэпІэр.

**Анэдэлъхъубзэр щІэблэм зэрыригъащІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэныжмкІэ, дихьэхыу сабийм и бзэр егъэджынымкІэ, лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ кІуалеягъым ар ешэлІэнымкІэ, и хабзэр, тхыдэр фІэгъэщІэгъуэну иджыным хуэщІэнымкІэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэ-фестивалым зэфІигъэкІ гъэжьыгъэхэм яІэ мыхьэнэр кІыпхуэмыныгъэным хуэдизу ищІ. Илъэс 11 и пэкІэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ зэдрахьжьауэ щыта а зэпеуэр ныбжьыщІэ кудэ зиІэ республикэпсо зэхьэзэхуэр ехьэжьауэ ІокІуэкІ.

Иджы Мэздэгу адыгэхэми я деж щокІуэкІ

●Си бзэ - си псэ, си дуней

АдыГЭБЗЭКІЭ ежьа зэпеуэ-фестивалым и кІуагъкІи бгъуагъкІи зиужьащ. Ди республикэм адыгэбзэкІи балъкъэрыбзэкІи зэрыщекІуэкІым къыдэкІуэу, зэхьэзэхуэм ди кІуэщІ щІыналъэхэри къыззэрыхьыхэр хуабжьу гуапэщ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм и жыпхъэм иту, ди анэдэлъхубзэр щалэт, щагъэльапІэ апхуэдэ зэхьыхь дахэ иджыблагъэ япэу щрагъэкІуэкІащ Ставрополь краим щыщ Курской куеим хьыхэ Серноводскэ (Иналхъыжъ) къуажэм. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щалэгъуалэм я Іуэхуу-хэмрэ жыларгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьынымкІэ и министерствэм, Мэздэгу Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм.

Махуэшхуэр щекІуэкІащ Иналхъыжъблэм и «Адыгэ» колхозым и правленэм и пащІэ-тІэщІхуэгъэ екІуу къызэрагъэпэщат: дэнэкІи адыгэбзэкІэ тха, ди лъэпкъыбзэм и Іэфіагъыр, щэрыуагъыр, лъапІэныгъэр кІыбзыхэщ кІыхуеджьныгъэхэр фІэлът, лъэпкъым и цІыху щэджащэхэм я сурэтхэри щыпльъагъурт. Зэпеуэм кІэкІуэлІат абы хэтыну гукъыдэж зыщІахэу Мэздэгу кІыалэм, Графский, Русский - 1, Русский - 2 кІуатырхэм, Иналхъыжъблэ кІуажэм дэт курыт школхэм адыгэбзэр щезыгъэдж Іэщагъэлъэхэр, абыхэм я гъэсэн цІыкІуэр. Щыналъэпсо мыкъэнэ зиІэ зэхьэхьэм апхуэдэу хэтащ Курской куеим егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и лІыкІуэхэр, жьлэм и ныфэщІхэр, нэхъыжьыфІхэр. Анэдэлъхубзэм и махуэшхуэм и хьэщІэ пІалпІэхэм

Зэпеуэр къызэІуах. СэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ фольагъу хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ: Мамыкъуэ Дмитрий, Къумахуэ Мухьэдин, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, Нанэ Іерэ, Дербит Валерэ.

Щохъуэжь зэщхьэгъуэсхэр къофэ.

ящыщт ДАХ-м и япэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ **Дербит (Мудар) Валерэ**, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм и унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м ЩалэгъуалэМ я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьынымкІэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Нанэ Іерэ** сымэ, КъБКъУ-м зэрэдымкІэ и театр «**Амикс**» гупым хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

Правленэ пщІантІэ хуитым къыщызэрагъэпэща шатырыщхуэм щетІысэкІа хьэщІэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ я пащхьэм чэзуэрэ зыкъыщагъэльэгъуащ щыІэм и курыт школхэм я гъэсэн цІыкІуэм. (Къыхэгъэщыпхъэщ Курской, Мэздэгу куеихэм хибубдэ къуаджэхэм дэт школхэм адыгэбзэр щызыджу щыІэр Иналхъыжъблэм и курыт школым зэризакъуэр. Абыи анэдэлъхубзэр щаджяр 1-2-нэ классхэрщ. Ауэ щыхьэкІи, мэздэгу адыгэхэр я бжьгъэкІэ мини 10-м щІегъу). ЕджакІуэ цІыкІуэхэм я зэфІэкІхэр ягъэльэгъуащ адыгэбзэкІэ усэхэм, езы цІыкІуэхэм зэхалъхьари хэту, къеджэныжмкІэ, къебгжэкІхэр, псынщІэрыпсалъэхэр щыуагъэнэщэу жыІэнымкІэ, адыгэ уэрэдхэр гъэІунымкІэ, лъэпкъ къафэхэр екІуу гъэзэщІэнымкІэ. Апхуэдэу абыхэм утыкум щагъэлъэгъуащ сабий спектаклхэм щыщ тепльэгъуэ кІэщІхэр.

Гъэщ1эгъуэну, купщІафІэу екІуэкІа фестиваль-зэпеуэм къыхэжаныкІуэ ІэуэкІа къалъытащ Иналхъыжъблэм дэт курыт школым и еджакІуэ цІыкІуэхэр. Абы и унафэщІ **Мамыкъуэ Дмитрий** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ анэдэлъхубзэр фІыуэ яІаГуу, абы кьабзэу ирипсалъэу щІэблэр кьэгъэтэджьнымкІэ еджапІэхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ зэрыщекІуэкІыр, ар адэкІи ирагъэфІэкІуэным зэрыхуэщІэкъур. Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиІэ а Іуэхур ефІэкІуэнымкІэ сыт щыгъуи сэбэп икІи щІэгъэкъуэн зэрыхунур жаІащ ди республикэм икІа лІыкІуэхэр зэхуэсым щыщыщыпсалъэм. ЛъэныкъуитІым зэраухыпІащ адэкІи зэрызэдэлъэжьнум теуха зэгурыІуэныгъэ. Абы ипкъ иткІэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» щІынатІэпсо зэпеуэм хиубыдэ зэІуищІэхэр Иналхъыжъблэм щрагъэкІуэкІы-нущ етІанэгъэ и мэлыжьыхь мазэм.

Адыгэ хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм щІэблэр щІэпІыкІыным, ахэр гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и лъабжьэ щІыным хуэгъэпсауэ екІуэкІа зэхьыхьэм хьэщІэхэм бысымэм щратащ хуаша тыгъэхэр. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ Хьэфыщэ Мухьэмэд хасащхьэм къыбгъэдэкІыу Иналхъыжъблэ дэт курыт школым и еджакІуэхэм тыгъэ яхуищІащ ди лъэпкъ хабзэхэм, тхыдэм, щэнхабзэм тевуха тхыльхэр, «Іуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ», «Парт», «Хасэ» газетхэм я кІыдэкІыгъуэхэм ящыщхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэхуэсым кьрихьэлІаХэм я пащхьэм зыкъыщагъэльэгъуащ КъБКъУ-м и «Амикс» гупым хэтхэм, уэрэджыакІуэ щІалэ Кьуэдзокьуэ Алим, кьрыт школхэм я артист ныбжьыщІэхэм. Адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ зэрашэлІа цІыхухэр зэбгрыкІыжащ я гур зэхуэкъабзэу, я псэр зэхуэІэфІу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Налшык - Мэздэгу.

Дзэлыкъуэ куейм къыкІэ уэрэджыакІуэ Къуэдзокъуэ Алим.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *тригъащ.*

● Политикэ партхэр

Ныбжьыщ1эхэр зочэнджэщ

Парт зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр зыщыкуалІуэта зэІущІэ щекІуэкІащ Москва и физико-техникэ институтым. Абы щызэхуэзащ «Урысей зэкъуэт», КПРФ, ЛДПР, «Захуагъэ зэдзыщІэ Урысей» политикэ партхэм я лІыкІуэхэр.

ДЕПУТАТ ныбжьыщІэхэр тепсэлъыхьащ «Урысей, ипэкІэ кІуэта: модернизацэ зэкІэ кьрикІуаХэмрэ ар пхыгъэкІыным хэлъ гугъуехьэмрэ», «ЕджапІэ Іуэхущ1апІэхэм езыр-езыру мылЬку кьалэжьыжьыныЬ щыхуэхуэкІуэ лъэхъэнэм зэрырагъаджэм и фІагъым кІэрымыхьун, абы захъшэу щІатын хуэйм пэмыльэщу щІалэгъуалэр щІэныгъэнщэу кьызыгъэнэн», «Политикэ зэпыщІэныгъэхэр парт зэмылІэужьыгъэхэр зытетын хуэй хабзэщ» фІэщыгъэщІэхэр зиІэ Іуэхуэхэм. ЗэІущІэм хэтащ кьэралыр властым, вузхэм, Жылагъуэ палатэм я лІыкІуэхэр. Ар иригъэкІуэкІащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Шевченкэ Максим.

«Мы зэІущІэр ипэкІэ щыІахэм кьащьэщокІ, ар зэрекІуэкІым ИнтернетымкІэ укІэлъплъыфу зэращІэм тепщІыхьымэ», - кьыджиІащ Кавказ Ищхъэрэ федералъэ щыналъэм и лІыкІуэу абы щыІа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩалэгъуалэМ ЩІыналъэ Зэхуэсым и унафэщІ Иуан Аслъэн.

Абы зэрыжиІамкІэ, зэІущІэр хуабжьу купщІафІэу щытащ: «Іэнэ хъурейхэр» къызэрагъэпэщащ, депутат ныбжьыщІэхэр зэчэнджэщащ, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и къуэдзэ Лобанов Иван къаХуэзащ.

ДЖЭДГЪАВЭ Татьянэ.

● Зэ1ущ1эхэр

«Щ1алэгъуалэ телевиденэ»

«Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм и унэм илъытащ щекІуэкІащ ди республикэм «ЩІалэгъуалэ телевиденэ» къызэрыщыІэрагъэпэщыр хІуІущІыІу щІыным теухуа зэІущІэ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІАЩ КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьынмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Пащты Борис, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм и унафэщІ Къумахуэ Мухьэдин, «ЩІалэгъуалэ телевиденэм» и унафэщІ Аванисян Сергей, «ЩІалэгъуалэм кьабгъэдэкІ жэрдэмхэр» институтым и Іэтащхьэ Екъуэгъэныдж Сергей, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм и Іэщ1агъэлІ пащхэр, журналистхэр. Пэублэ псалъэр зрата Пащты Борис зэІущІэм кьрихьэлІаХэр щыгъуазэ ищІащ властым и органхэм я лэжьыгъэр щыкуфэм я деж нэхъысыным, щІэблэм кьабгъэдэкІ Іуэху еплъыкІэщІэхэр гъащІэм хэпщэным, республикэм и кьулыкъущІапІэ нэхьыщхьэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ зэпыщІэныгъэ яку дэлъыным тегъэлъэжьыр щыгъуэм и деж нэхьыщхьэу щыт апхуэдэ Іэнатіэ къызэІухынымр ноби ди щІыналъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм. Абы и псалъэхэм пызыща Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ КъБР-м и телевиденэрэ я лэжьыгъэм щІэщыгъуагъэ хэзылъхьэфын ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм зэрызэныкъуэр. «ЩІалэгъуалэ телевиденэр» а Іуэхуэмкіэ «кІыщ» нэхъ яхуэхьну зэрыщыгъэри ибзыщІакъым. «ЩІалэгъуалэ телевиденэм» я зэфІэкІ щагъэльэгъэну Іэмал ягъуэтынкІэ щІыху 20-м нэблагъэм. А лэжьыгъэм пэльэщыхьэр кьыхэхьным щэкІуэгъуэ мазэм и щІэндзэхэм нужь ихьэнкІуэ. Сугъуэрыпсэ пыІэжьну унэр хухахащ. «ЩІалэгъуалэ телевиденэ» къызэрэпэщыным теухуа проектыр илъэ ныкъуэкІэ ягъэлэжьнущ. КъызэрэпэщащкІуэхэм щэч къытрагъэжьыр Іуэхум хэзэгъэнуэрэ а зэманым кьриубыдэу щыуагъэнщэу къызэрыхахьыфынум. Кьыхэгъэщыпхъэщ, мы студием и мызакъуэу, мы гъэм телевиденэм, радиом щылажьэным хурагъэжьну ЩалэгъуалэмрэЩІалэгъуэ гупМосквэ Санкт-Петербургрэ зэрагъэкІуари. Пащтымрэ Къумахуэмрэ жаІащ, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я Іуэхуэ ипэкІэ зыгъэкІуэтэну проект купщІафІэ зыбжанэ адыгэкІи зэфІэхьыну зэрамурадыр.

ЛЬОСТЭН Муэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм папщІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр еэгъэпрабгъуэ гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м *№198-1-ПП*

«Коммунальнэ комплексым и Іэнатіэхэм я тарифхэр зэрызэкІэльагъакІуэм и лъабжьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым, Урысей Федерацэм и языныкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2005 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къыдэкІа Федеральнэ закон №184-ФЗ-мрэ «ЦІыхухэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат уасэм кІэухыну зэрызихъуэжыр зыубзыкъу Лъабжьэхэр къэщтэнымрэ и Іуэхукіэ» 2009 гъэм шышхьэІум и 28-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №708-мрэ ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм папщІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр мы щІыкІэм тету гъэувын:

псори зэхэту унагъуэм къыІэрыхьэ хэхьуэм щыщу цІыхухэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатыр зыхуэдизыр.

щІыху псоми ящыщу псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм зи хэхьуэр щыхьэхэм я гъэсэн тещІыхьауэ;

коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм пэкІэу цІыхухэм я деж къыщыхахыр зыхуэдизым тещІыхьауэ;

щІыху псоми ящыщу коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатын папщІэ субсидиехэр зратхэм я бжьыгъэ тещІыхьауэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм папщІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зрагъэувэ щІыкІэр теухуауэ я къэщтэн.

3. Мы Унафэр зрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Унаев К.Хь.-М.

4. Унафэм кьару егъуэт официальнэу къытradзэу махуи 10 дэкІа нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м кьыдигъэкІа Унафэ №198-ПП-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм папщІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зрагъэувэ щІыкІэр

	ЗытращІыхьыр	Къызэрыльтэр	Зыхуэдэр
1.	Псори зэхэту унагъуэм къыІэрыхьэ хэхьуэм щыщу цІыхухэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатыр зыхуэдизыр.	%	15-м щІимыгъуу
2.	ЦІыху псоми ящыщу псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм и хэхьуэр нэмыцхэм хуэзэр	щІыху псоми проценткІэ тещІыхьауэ	16,5-м щІимыгъуу
3.	Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм цІыхухэм я деж къыщыхахыр зыхуэдизыр	%	7-м мынэхь мащІэу
4.	ЦІыху псоми ящыщу коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатын папщІэ субсидиехэр зыхуахахэм я бжьыгъэ	%	20-м щІимыгъуу

● Псапэ

Нэхъыжьхэм хуащІ гулъытэр

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым «ГущІэгъуэ» мазэ лэжьыгъэ щокІуэкІ. Бахъсэн къалэм Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыізэфІагъэкІ и центрыр зи закъуэу зэпсэуэу зи щхьэ зезымыхьэжьыфхэм, гуІэуэхь хэхуа лІыжь-фызыжьхэм ядоІэпыкІу.

ИУЖЬРЕЙ зэманым абыхэм ерыскъы пщтырхэр хурагъащэ. Зи гугъу тщІы Іуэхутхьэбзэхэм ящыщщ зыхуэй ерыскъыхэр, хьэпшыпхэр, хущхьэуэхэр яхуэщэныр, ЖКХ-м и Іуэхущ1апІэхэм яхуэкІуэныр, ґьавэр къыхурахьэлІэжьныр, хадэхэмрэ пщІантІэхэмрэ щІымахуэм хуагъэхьэзырыныр, унэхэр хуэзэпыІуахьныр, кІэрыху-бжьэрыхуэр худашныр, я псэупІэхэм кІэлъыплъныр.

Центрым и Іэщ1агъэпІэм зи ныбжь хэкІуэтахэм ядоІэпыкІуну къыхальхьа жэрдэмым япэджэжащ къэрал, уней Іуэхущ1апІэхэр, хьэрычэтыщІэхэр. Абы и фІыгъэкІэ, щІыху 28-м зэуэ ирагащ сом мин 26-рэ и уасэ хьэпшыпхэмрэ Іэфіыкіэхэмрэ. Абы къыдэкІуэу, зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуеймрэ зи закъуэу щыпсэу цІыхухэм сом мин 40 и уасэ ерыскъыхэкІэр хурагъэшащ.

ПІыжь-фызыжьхэм папщІэ Щэнхабзэмкіэ къалэ, кьуей унэхэм концертхэр щатащ. Ислъэмей къуэжьм и еджакІуэхэм, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Табыхьу Замудинрэ Аппаев Эльдаррэ. Зи ныбжь хэкІуэтахэм щхьэкІэ Іэни къагъэуващ.

ТЭЩЭ Элинэ.

● Прокуратурэ

Жэуапым ирашалІэ

КъБР-м и прокуратурэм игъэхьэзыращ икІи республикэм и Суд нэхъыщхьэм хуитэхьащ «Аруан жэмыхьэткІэ» зэджэк гупыр кьызэзыгъэпэщамрэ абы жыдэкъу хэт щІыхуибылымрэ зэрагъэкъуаншэм теухуа уголовнэ Іуэхур. Зи гугъу тщІы гупыр хохьэ хабзэм ебакъуу Іэщ1а къэзыштахэм, хьэйм икІа дишьм гъуэгу езыгъэгъуэтыну хуищІакъуэхэм.

УФ-м КъБР-мкІэ и прокуратурэм и деж щыІэ Следственнэ управленэм Іуэхур щызэхитъэкІым, бедджэлы къэхъуащ Іэщ1экІэ зэщІэуэзэда гупыр къызэзыгъэпэща БитІэхъу Алим, абы и гъусэхэу Хъубий Алим, Бэгъуэт Анзор, Къэрэнашэ Рустам, Жылэ Рустам, Исакъ Амир, Сэхъу Роман, Щоджэн Мухьэмэд сымэ (ахэр псори яубыдащ) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэІагъэхьэну, абы и конституцэ хууэкІэр зэрахьэжЬыу щІынальэр Урысей Федерацэм хагъэкІыну, ди деж щэрыхьэт хууэкІэм тет ислъам къэрал къыщызэрагъэпэщыну зэрамурадар. Апхуэдэ мурад бзаджэр зрагъэхъуІэн папщІэ, БитІэхъу Алимрэ абы и благъщІэтхэмрэ кьыхахащ хабзэхъумэ ІэзэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэр, цІыхухэр яуКІыным, езыхэм я бандэм хьыхэу иужькІэ кьемыдэІуэжахэр, абыхэм я унагъуэхэр гъэпытэным я гъэгъэр. Гупыр унагъуэхэм, ІуэхущІапІэхэм ятеуэрт, ахъшэ зыІэрагъэхьэн мурадкІэ.

БитІэхъу Алимрэ абы дыдыІыгъуахэмрэ 2005 - 2008 гъэхэм щІэпхьаджагъэ 16 ялэжьауэ сэтей къащІащ. Ахэр ехьэлІащ щІыхуэзэрауэКІам, хабзэхъумэ ІэзэхущІапІэм и лэжьакІуэр яуКІыну зэрыхэтам, фэбжь зэрытрадзам, мылькущхуэ зыІэрагъэхьэн мурадкІэ, Іэщэ Яыгъыу унагъуэхэм зэратеуам, нэгъуэщІхэми.

ЦЕКЪУ ПАТІ.

● Спорт хъыбархэр

Псори зэхэту медаль пщыкІуплІ

«Налшык» спорт комплексым щекІуэкІащ Іэпщэрыбанэмкіэ Урысей Федерацэм и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щІынальэхэм щыІа зэпеуэхэм щытекІуэхэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэ кьыхэхам зэхьэзэхуэм екъулІэныгъэшхуэ щызыІэригъэкащ. Ди щІалэхэм ящыщу 8-р кьэралым и чемпион хуауш икІи спортым и мастер щІэлъапІэр кьэфІащащ. СпортсменитІым зэпеуэм дыжьым медалхэр кьащхьащ, тІум жэз медалхэр кьалысащ.

Апхуэдэу щыІэна хьэльагъхэм дыщэ медалхэр кьащащ Молэ Аслъэн, Къэрмокуэу Аскэр, Туменов Ильяс, Хьэпшачэ Мартин, Хьэщыкуэй Артур, Бжьыхьэлі Рустам, Багъ Олег, Унэж Аскэр сымэ.

ІщхьэкІэ зи цІэ кьитІуахэр Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хагъэхьащ икІи дыгъэгъазэм Мэзкуу щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым зыкьыщагъэльэгъуэну Іэмал ягъэтащ.

Къэралым и чемпионатым макІуэ

Самарэ щекІуэкІащ УФ-м Іэщэкіэ Зэщ1эуэзда и кьарухэм дзюдомкІэ я урысейпсо чемпионат. Абы хэтащ къэралым и щІынальэ псоми икІа спортсмен 120-м щІигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыхьыр зэхьэзэхуэм щахьмащ дзюдоист 14-м. Абыхэм ящыщу 8-р текІуэхэм яІэщ1ыкІахэмрэ яхэтщ.

Апхуэдэу щыІэна хьэльагъхэм дыщэ медалхэр кьащащ Іэрсэжк Ислъам (кг 90), Хьэжьуэ Алим (нэхъ хьэлъэ дыдэ гуп), Балъкъэр Залинэ (кг 78-рэ) сымэ. ЕтІуанэ хьуащ Бекъул Роман (кг 66-рэ), Балаев Мэжид (кг 73-рэ), Кьлыш Алим (кг 81-рэ), Бэрэздж Светланэ (кг 57-рэ). Чемпионатым и жэз медальр кьылысащ нэхъ хьэлъэ дыдэ гупым щыБэна Ульбашев Чэрим.

Зи цІэ кьитІуа спортсменхэм Іэмал ягъэтащ дыгъэгъазэм Екатеринбург щекІуэкІыну дзюдомкІэ УФ-м и чемпионатым хэтыну.

Малюченкэ Игорь и текІуэныгъэ

Иджырей пятиборьемкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ Калининград щызэхэтащ. Абы ирихьэлІащ а спорт лІэужьыгъуэмкІэ Урысей Федерацэм и спортсмен нэхъ щэхъуэхъэ 36-рэ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхьуащи, псоми ефІэкІащ икІи зэхьэзэхуэм и дыщэ медальр кьихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэ, «Динамо» зэгухьэныгъэм и гъэсэн, КъБКъМА-м щеджэ Малюченкэ Игорь.

Спортсменыр ягъасэ Зенин Сергейрэ Бэлий Русланрэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Дэ1эпыкъуныгъэм хохъуэ

●Шэджэм куей

2010 гъэм щыщу блэкІа мазибгъум кьрнубыдэу Шэджэм районым нэхъ хуэмыщІауэ нс унагъуэ 857-м унапщэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ трагъэкІуэдэн папщІэ субсидиеу иратар сом мелуани 5-рэ мин 554-рэ мэхъу.

АР БЛЭКІА иІэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ куэдкІэ нэхьыбэщ, сыту жыпІэмэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэ управленэу районым щыІэм кьызэрыщыщджаІамкІэ, псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм зэрызахъуэжам тещІыхьауэ щыхьэхэм субсидиеу ирагъэкІуэдэну щыІэм и пэщІэдзэм хэпльэкІи абыхэм хагъэхъуащ.

Зыхуэфащэхэм защІэгъэкъуэным хуэунэмІа лэжьыгъэр районым зэн щызэпыуркъым. Субсидиехэр кьратын папщІэ зыхуеину документхэр гъэхьэзырыныжмкІэ щыкІэхэм кІуэурэ управленэм и лэжьакІуэхэр щыхуэдизми илъэсым и пэщІэдзэм хэпльэкри абыхэм хагъэхъуащ.

Зыхуэфащэхэм защІэгъэкъуэным хуэунэмІа лэжьыгъэр районым зэн щызэпыуркъым. Субсидиехэр кьратын папщІэ зыхуеину документхэр гъэхьэзырыныжмкІэ щыкІэхэм кІуэурэ управленэм и лэжьакІуэхэр щыхуэдизми илъэсым и пэщІэдзэм хэпльэкри абыхэм хагъэхъуащ.

АХЬИЙ Асият,
Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и гъэльакІуэ.

Сабийм и дунеймрэ и гупсысэмрэ зезыгъэужь тхакIуэ КIуантIэ Iэзид ТIмаш и къуэр къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу



КIуантIэ Iэзид *(1930 - 2009 гъэ.гъ.)*

Къалэм Iумахуэ

Сабий ныбжьым итущ цIыхум псалъэм и IэфIыр щызыхищIэр.

Сабийм игъащIэкIэ игу къонэ и адэ-анэм, и шынэхъыжьхэм я деж щызэхиха таурыхъхэр, шыпсэхэр, усэхэр. Абыхэм я нэхъыбэр цIыхум и гум илъ зэпытщ балигъ хъуа нэужьи, зэгуэр къызэринэкIа сабиигъуэ IэфIым и даущщи.

ИтIани ар мащIэщ. Нобэрей щIэблэм таурыхъ къудейкIэ зигъэнщIынукъым. Таурыхъри, шыпсэри, къуажэхьри фIэфIщ сабийм, ауэ аркъудеймкIэ пыIэнукъым абы и псэр: нобэрей сабийр нобэрей тхылъщ нэхъ зыхуейри, нэхъ зыхуэныкъуэри. Сабийм тхылъым иригъуэтэн хуейщ лэжьэн щIэзыдза акъыл пцIанэр зэригъэнщIын хъыбар - къэзыухъуреихь дунейм и хъыбар гъэщIэгъуэн. КIуэ пэтми щIэпсынщIэурэ зеужь нобэрей гъащIэм, дыгъуасэ фIэщIэщыгъуар пщэдей тIорысэ, зэшыгъуэ къыIэщIэхъуэнущ цIыхум. Псом хуэдэжкъым зи хэхъуэгъуэ сабийр: Iэджэм хуопабгъэ абы и гур, и акъылым лажьэу щIидзащи, сытри фIэхьэлэмэтщ, куэдым щIоупщIэ, нэхъыбэжым къагъэуIэбжь, и гупсысэр зэхэзехуэн мэхъури, балигъхэми зэрапсэлъафэщи, дунейр тIэу пкIэгъуэ хуэхъуркъым.

Апхуэдэщ нобэрей щIэблэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къэтIэщIыгъуафIэкъым апхуэдэ щIэблэм и дунейр, ар къалэн зыщызыщI тхакIуэм и пщэм куэд къыдохуэ, а къалэным пэлъэщын щхьэкIэ, тхакIуэр сабий дунейм (абы и гурыгъугурыщIэхэм, и хьэл-щэным, и гупсысэм) кууэ щыгъуазэу щытын хуейщ.

Шэч хэлъкъым КIуантIэ Iэзид апхуэдэ тхакIуэу зэрыщытам. КIуантIэм гурэ псэкIэ зыхещIэ сабийм и гурыгъугурыщIэхэр - ар нэрылъагъу щохъу абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэм. КIуантIэм и къалэмыр ноплъысыф сабийм и гущIэ лъапсэм, сэтей ещIыф абы и гум щыщIэри и псэм щыушэри: гукъанэ зиIэми, гуфIэгъуэм зэщIигъэнэхуа сабийми я псэлъэгъу Iущт ар. Сабийри балигъри тезэшэнукъым, псалъэм папщIэ, «Сусаннэ», «Мурат», «ЗэныбжьитI, «Тыгъэ», «Цыджан», «Лъэмыж» рассказхэм. Абыхэм дэ дащрохьэлIэ зи гур жан, зи гупсысэр нэху, зи псэр къабзэ цIыху ныбжьыщIэхэм.

КIуантIэм и мащIэкъым апхуэдэ тхыгъэхэр - сабиигъуэм и IэфIыр зыхозыгъэщIэ рассказхэр, хъыбархэр, повестхэр. Илъэс плIыщIым щIигъуащ а тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа КIуантIэ Iэзид ди литературэм зэрыщылажьэрэ. Нобэ хэт и дежкIи нэрылъагъущ ар къалэм гуащIафIэр зыгъабзэ, гъащIэм кууэ щыгъуазэ, иIуэтэнрэ узригъэдэIуэнрэ зи гъунэж тхакIуэхэм зэращыщар.

КIуантIэ Iэзид и къалэмым нэхъыбэрэ игъэбатэр сабийм, цIыху ныбжьыщIэм и дунейрщ. КIуантIэр щыгъуазэщ а дунейм, щыгъуазэщ ар зэрызэхэлъым, зэрыкъулейм. Апхуэдэущ ар - сабий дунейр, сабий гъащIэр тхакIуэм ди пащхьэм къызэрырилъхьэр. Апхуэдэущ ар, псалъэм папщIэ, «Къэрабгъэ», «Щэху», «Iэминат», «Баринэ», «Лъапэху», «Гуэл Iуфэм» рассказхэм зэрыщытлъагъур. Я цIэ къипIуэфынущ нэгъуэщI рассказхэми. КIуантIэм и мащIэкъым цIыху ныбжьыщIэм и гъащIэмрэ и дунеймрэ кууэ, щIэщыгъуэ къыпщыхъуу, узыIэпишэу, уитхьэкъуу къызэрызэкIуэцIих тхыгъэхэр. Шэч къытетхьэркъым абыхэм еджэну дэтхэнэми и сабиигъуэмрэ и ныбжьыщIэгъуэмрэ IэфIу игу къызэрыкIыжынум - ар цIыху балигъмэ. Езы ныбжьыщIэхэр КIуантIэ Iэзид и тхыгъэхэм щрохьэлIэ ныбжьэгъу пэж, псэлъэгъу Iущ яхуэхъун цIыху щIалэхэм я образ купщIафIэхэм щагъуэт я гупсысэ жанхэм къыдежьуун псалъэмакъ гъэщIэгъуэн, я акъылыр зыгъэлэжьэн, я псэр зыхьэхун, я гур щыз зыщI хъыбар щIагъуэхэм.

КIуантIэ Iэзид 1930 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 10-м Дей къуажэм (Тэрч районым) къыщалъхуащ. 1948 гъэм Налшык педагогикэ училищэр къиуха нэужь, зыбжанэрэ ирилэжьащ ар егъэджакIуэ IэщIагъэм, и тхыгъэхэм купщIэ хуэхъуа сабий дунеймрэ цIыху ныбжьыщIэм и гъащIэмрэ благъэ дыдэ щыхуэхъуари а илъэсхэрщ. Iэзид щеджащ Къэбэрдей педагогикэ институтым, абы и тхыдэ-филологие факультетыр къиухащ. 1953 гъэм щыщIэдзауэ ар щылэжьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, балигъ хъуху (къалэмыр къиштэху) апхуэдэ гъуэгуанэ икIуащ тхакIуэм. КIуантIэ Iэзид сыт хуэдэ IэнатIэ дзыхь къыхуащIами, и къарум щеблэж къэхъуакъым. И къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэм я гугъу умыщIыххэми, КIуантIэм и гуащIэ хилъхьащ иужьрей илъэс тIощIырыпщIым лъэбакъуэщIэ зыча ди щэнхабзэм. Абы къыпэкIуащ КIуантIэ Iэзид зэрихьэ цIэ лъапIэр - ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. А пщIэр КIуантIэм къыхуихьащ илъэс плIыщIрэ тхум щIигъукIэ тхылъ тедзапIэм и лэжьыгъэм хилъхьа гуащIэм - абы и фIыгъэкIэ дунейм къытехьащ тхыдэм, этнографием, щэнхабзэм теухуа тхылъищэ зыбжанэ. Аркъудейри ирикъунщ, КIуантIэ Iэзид ди щэнхабзэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэр зыхуэдизыр къррибгъэлъэгъуэн щхьэкIэ.

1965 гъэм дунейм къытехьащ КIуантIэ Iэзид и япэ тхылъыр. «Мэз лъагъуэхэр» - аращ зэреджэр КIуантIэм и рассказ пасэхэр щызэхуэхьэса а тхылъ цIыкIум. Абдеж IупщI хъуащ иужькIэ зэи тхакIуэм IэщIыб имыщIыжа IэнатIэр - зи цIэ къитIуа тхылъ цIыкIум щызэхуэхьэсар сабий дунеймрэ сабий гъащIэмрэ купщIэ зыхуэхъуа хъыбархэмрэ рассказхэмрэщ. «Мэз лъагъуэхэм» къыкIэлъыкIуащ ди сабий литературэм цIэрыIуэ щыхъуа тхылъхэр: «Гулэз», «Лъэмыж», «Фэеплъ», «Лыгъей нэз», «Ерыщ», «Дыжьын фалъэ», «ГъуэгурыкIуэ», нэгъуэщIхэри. ТхакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ сабийхэмрэ цIыху ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ итха тхылъ пщыкIуий, абыхэм ящыщ дэтхэнэми ди сабий литературэм щIэщыгъуэ куэд къыхалъхьащ.

Илъэс 80 ирикъуащ ди литературэм и лэжьакIуэ пашэхэм ящыщ КIуантIэ Iэзид къызэралъхурэ. Iэзид и Iэдакъэ къыщIэкIащ хэплъыхь зыщI нобэрей тхылъеджэм и пащхьэ иплъхьэ хъун тхыгъэ хьэлэмэт куэд, абыхэм уи фIэщ ящI тхакIуэм къалэм гуащIафIэ зэрыIэщIэлъар, а къалэмыр зэрыIумахуэр, абы и бзэр зэрыжаныр. ГъащIэм набдзэгубдзаплъэу хэплъэф тхакIуэт КIуантIэ Iэзид, абы и лъащIэмрэ и купщIэмрэ къыщIигъэлъэфу, акъыл бзыгъэрэ псалъэ жанкIэ белджылы ищIыфу.

ТхакIуэр 2009 гъэм дунейм ехыжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

ТхьэрыIуэ

Рассказ

МУРЗИЯТ письмо къыIэрыхьащ. Ленинград къикIыу. Институтым щеджэ и къуэ нахъыжь Юрэ къитхырт къишауэ. Мыгувэу екIуэкIыну хьэгъуэлIыгъуэм хэтыну иригъэблагъэрт. Письмом дэлът хъыджэбз гуэрым и сурэти. Мазэ щыз фIэкIа умыщIэну, нэкIу хъуреябзэу, щхьэц сырыхуу.

- А сымыгъуэт! Къишащ! - занщIэу етIысэхащ Мурзият, и лъэр щIэхуауэ. - ЩIалэжь цIыкIум къишащ... НэгъуэщI мыхъуми, къиухауэ щыта мыгъуэтэмэ...

Мурзият гуIащ, гузэсащ. ТIысри гупсысащ. ДэкIри чэнджэщащ. Ауэ дауэ ибзами, дауэ идами, ар абы кIуэуэ и гуфIэгъуэм хэтыну къыхуегъэкIуакъым...

ХьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIыну щэбэтым и пэ къихуэу, Мурзият унэгъащIитIым яхуищI саугъэт тIэкIур пхъуантэм дилъхьэщ, узримыгъэплъу удз гъэгъа Iэрамэ къищтэри, и къуэ нэхъыщIэ Инал щIыгъуу, Налшык аэропортым кIуащ. Нэсащи, и нэIуасэу зы цIыху илъагъуркъым. Кхъухьлъатэм итIысхьэ цIыхухэм абы яхуеIуатэ и Iуэхур, щхьэщэ яхуищIу йолъэIу пхъуантэ цIыкIумрэ удз Iэрамэ закъуэмрэ хуздашэну. Ауэ абы и хьэтыр къэзылъагъун игъуэтыркъым.

Мурзият, ищIэнур имыщIэ у, зэ зым бгъэдохьэ, зэми етIуанэм йолъэIу, ещанэр къигъэдэIуэну хэтщ... Зыри къикIыркъым. Инали и анэм и ужь иту къекIухь: йоплъ-йодаIуэ цIыхухэр зэрыгущIэгъуншэм, зэрыхьэтырыншэм...

Мурзият и гугъэр хихыжыпауэ, нэщхъей дыдэу здэщысым, зэанэзэкъуэм къабгъэдохьэ лIы хэкIуэта гуэри, жеIэ:

- Къащтэ мыдэ уи пхъуантэр...

Мурзият лIы мыцIыхум йоплъ, и нэр игъэупIэрапIэу.

- Къащтэ, къащтэ. Сэ пхуэсшэнщ.

Фызым Iэнкуну пхъуантэмрэ удз гъэгъамрэ абы хуеший.

- Дауэ хъун? - аращ хужыIэфыр Мурзият.

- Зыуи хъункъым. Умыгузавэ, сшэнщи, естынщ,- зэфIэжыхьауэ щыт зэанэзэкъуэм къахупогуфIыкIри, лIым кхъухьлъатэмкIэ еунэтI.

А псор апхуэдизкIэ псынщIэу икIи пэмыплъауэ къэхъуати, Инал къэпIейтейри лIым кIэлъыджащ:

- Ей!..

АрщхьэкIэ ар къэмыувыIэу кIуэрт.

Инал щхьэхьу лIым кIэлъыщIэпхъуэри, кхъухьлъатэ дэкIуеипIэм щынэс дыдэм кIэлъыщIыхьащ.

- А-а, уэра мыр? - къэувыIащ лIыр.- Сыт?

- Псалъэ, хьэуэ псалъэ быдэ къызэптрэ Iэрыбгъэхьэжыну-? - еупщIащ Инал лIым, и щхьэр къимыIэту.

- Сэ, щIалэ, си псалъэр сыт щыгъуи быдэщ, - жиIащ лIым, гушыIэ лъэпкъ хэмылъу. - Сшэнщ жысIащи, сшэнщ. Ауэ Iэмал имыIэу псалъэ уэстыну ухуеймэ...

- Къысхуэгъэгъу! - Инал и жьэм епхъуэжащ, езым иджыблагъэ къыщыщIауэ щыта щIэщхъур игу къридзэжри икIи, зэплъэкIыурэ, и анэм дежкIэ щIэпхъуэжащ.

Кхъухьлъатэм итIысхьэнухэр итIысхьащ, и бжэр къагъэбыдэжащ, моторыр зэщIагъанэри зиIэтащ. Ауэ а псор Инал имылъагъузэхимых хуэдэт. Иджыпсту ар зэгупсысри абы и нэгу щIэтри тхьэмахуэ и пэкIэ жиIэри я фIэщ мыхъу у, и пионер псалъэри кърамыдзэу учительсым зэрыщIэтарт...

Школым напIэзыпIэм щызэлъащIысащ хъыбар гурымыхь - «киоскыр яхъунщIащ».

- Сыт щIахар?

- Альбом...

- Блокноти...

- Къэрэндащ зэмыфэгъухэри яхьащ.

- Бжэр Iухат...

- Тыкуэнте тыр дэнэ здэщыIар?

- Мыр сыт, уафэм укъехуэха? Тыкуэнтет иIэ ди киоскым?!

- А-а!

- Хэт зыхъунщIар?

Мис апхуэдэу упщIэрэ жэуапкIэ зэпэджэжу шк ол псор зэрызехьэрт, щIахами щIэзыхами - зыри тэмэму щымыгъуазэу, ящIэри ямыщIэри зэхатхъу эурэ хъыбарыр ягъэбатэ у, зыри зэрымытым Iэтищэ ирагъэувэу...

Уэ жыпIа, сэ жысIа, уэ плъэгъу а, сэ слъэгъуа - «хъунщIакIуэр» къагъуэтащ - Инал трагъахуэри учительскэм ялъэфащ. Апхуэдэу щыхъум, махуэ псом абы щIыгъ уа Мурадини кIэлъыщIыхьащ.

- Уэ сыт узыхуейр? - къоупщI абы егъэджакIуэр.

- Сэ Инал сригъусащ...

- ИIэ, къыджеIэ, - зыхурегъэзэкI егъэджакIуэм Инал, Мурадин абы щIыщIыгъуэр зэхимыгъэкIауэ.

- Сыт бжесIэнур? - йоплъ Инал егъэджакIуэм.

- Сыт, сыт! - зэ уэ къогубжь егъэджакIуэр.- КъыгурымыIуэу фэ зэрызытригъауэм еплъыт! КъыджеIэ къыщIэпщтар, къэпщтар здэпхьар...

- Сэ зыри къэсщтакъым, - зэхах къудейуэ жеIэ Инал, ихъуреягъкIэ зиплъыхьурэ. - Тхьэ пх узоIуэ къызэрызмыщтамкIэ...

- Дауэ къызэрумыщтар? Укъалъэгъуащ...

- Хэт, х эт сыкъэзылъэгъу ар? - и жьэр Iуроху Инал, и щхьэр Iушэ ещIри, егъэджакIуэм и нэкIум щIоплъэ.

- Сэ Инал нобэрей махуэм сщIыгъущ, зыри къищтакъым абы, - хуэмышэчу и псалъэр еух Мурадин.

- Уэ хэт къо упщIар? - жеIэ егъэджакIуэм, Мурадин дежкIэ емыплъэкIыу. - Сэ сызэпсалъэр уэракъым, Иналщ... Къэпщтами хъунщ, пх узогъэгъу. Зыумысыжи, хэIущIыIу умыщIу гъэтIылъыж.

- Къэсщтакъым жысIакъэ! ЛIо, уи фIэщ мыхъуу ара? КъызэрызмыщтамкIэ тхьэ пхуэсIуакъэ? ЛIо нэгъуэщI узыхуейр?.. - Инал и макъыр къызэфIозэрыхь, лъэмыкIыу и нэпсыр къокIуэ..

- Къищтакъым, къищтакъым мыбы зыри! - и нэкIур зэригъэлъауэ, мэкIий Мурадини.

ЕгъэджакIуэр абы нэбгъузкIэ хуеплъэкI мыхъумэ, зыри жриIэркъым

И ныбжьэгъур къызэрыщхьэщыжам тIэкIу къигъэгушхуэжауэ, Инал жеIэ:

- Киоскым сыбгъэдыхьакъым жысIэркъым, сыбгъэдыхьащ, къэрэндащ зэмыфэгъухэр зэрылъ коробкэми сеIусащ, ауэ зыри къэсщтакъым, - альбоми, блокноти, къэрэндащи...

ЕгъэджакIуэр гуитIщхьитIщ: зы лъэныкъуэкIэ, дауэ щIалэ цIыкIум и псалъэхэр и фIэщ зэримыщIынур, апхуэдизу хэкъузауэ жиIэу? НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи, ялъэгъуауэ щаIуэж... Псалъэ итар пцIыуэ къыщIэкIмэ, итIанэ дауэ?

ТIэкIурэ гупсысэу щосри, абы жеIэ:

- Пцы къыщытхуэбупсаи щыIэщ, Инал. Абы щхьэкIэ мис иджыпстуи...

Инал егъэджакIуэм еплъырт, зэфIэжыхьауэ икIи егупсысырт: «Ауэ щыхъукIэ, жысIэр и фIэщ хъуркъым».

Езыр зэрымыкъуаншэр я фIэщ зэрищIын имыгъуэту, Инал и щхьэр икъутэрт, зэм и гугъэр хихыжырти, жиIэрт: зэпытрэ зэкIэсу укIуэ, я фIэщ сымыхъумэ, я фIэщ сымыхъуми зэнт, моуэ зэ зыгуэрым траубыдэрэ мыбы и пащхьэ сикIатэмэ, зэми къигъэзэжырти, егупсысырт: сыт я фIэщ сыщIэмыхъунур, си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу псалъэ стауэ? Езыми и ныбжьэгъу Мурадини ята псалъэр зэрагъэпэжыфыр ящIэркъэ школым?

...Зэгуэрым Иналрэ абы и ныбжьэгъу щIалэ цIыкIуитIымрэ я пщэ иралъхьэгъат клубым ирахыу къуажэкIэм нэс афишэ яхьу абы щыфIадзэну. Ар здахьынум нэсыху, щIалэ цIыкIухэр гугъу мащIи ехьакъым, зэман мащIи ягъэкIуэдакъым. КъыщыкIуэжым Иналрэ Мышэрэ автобусым къитIысхьащ (я цIыхугъэ проводницэм пщIэншэу къыздишэжащ). Мурадин сыт ямыщIами, къахуитIысхьакъым: абы и анэм псалъэ иритат игъащIэкIэ пщIэншэу зы машини имытIысхьэнуи, и псалъэр игъэпцIынт?

Иналрэ Мышэрэ урокыр щIимыдзэ щIыкIэ нэсащ. Мурадин, дауи, къыкIэрыхуащ.

Ар игъэувауэ егъэджакIуэр абы щешхыдэм, Инал - къыщылъэтри абы къыщхьэщыжауэ щытащ.

- ЗэрыжыпIэмкIэ, Мурадин тэмэму ищIащ автобусым къимытIысхьэу урокым зыкъызэрыкIэригъэхуар? - йоупщI егъэджакIуэр Инал.

- АтIэ! Псалъэ птауэ ар бгъэпцI хъурэ?..

Мис апхуэдэущ псалъэ быдэм, тхьэрыIуэм Инал зэреплъыр.

Иджы езым, апхуэдэ псалъэ зытам, и Iуэхур адэми мыдэми намыгъэсу къагъэнащ: ар и кIэм нэсуи ягъэкъуаншэркъым, ухейщ жаIэуи зыри къэувыркъым, Мурадин нэмыщI.

Пэжщ, ар ирагъэкъуэншэну щхьэусыгъуэ щыIэт: киоскым бгъэдыхьат, хьэпшыпхэм еIусат...

Сытыт абы пигъэувыфынур? Езым и псалъэм нэмыщI абы зыри иIэтэкъым. Ауэ абы и псалъэр я фIэщ хъуртэкъым...

Куэдрэ щысащ егъэджакIуэр, хэгупсысыхьауэ. ИкIэм къэтэджщ, Инал и щхьэм Iэ дилъэри, жиIащ:

- КIуэ, Инал... Уэри, Мурадин... ФыкIуэ... - Иналрэ Мурадинрэ зэуэ егъэджакIуэм еплъащ, итIанэ езы тIур зэплъыжащ икIи къыпыгуфIыкIахэщ: «и фIэщ хъуащ, ди псалъэр хъуащ и фIэщ!»

Мурзият и къуэм и деж Ленинград игъэхьа телеграммэр къыкIэрыхуащ икIи пхъуантэр зыхьам зыри къыIущIакъым. Щауэр зыщIэс общежитыр къигъу эту, анэм и нысэм хуигъэхьа тыгъэр иритын и пэкIэ, лIым къалэ никъуэр къызэхикIухьащ.

- Сэ зы лъэIу пху зиIэт, - жиIащ лIым, унэгъащIэм сэлам щрихыжым. - КхъыIэ, уи шынэхъыщIэм схужеIэж си псалъэр зэрызгъэпэжар...

МыIэрысэ джабэплъ

Дауи щрырети, псори къызыхэкIар мыIэрысэ джабэплъщ. Хьэуэ, жыфIэрэ, фэри фегупсыс...

- Модэ феплъыт! - Зилэ щхьэгъубжэм бгъэдэлъэдащ. - Бабыху кIарзинкIэшхуэ иIыгъыу хьэхэрэ-щIыхэу къытхуокIуэ... Тхьэм ещIэ абы къытхуихьыр. Мацэ! Дэнэ щыIэ Мацэ! КIуэ, къегъэблагъэ...

Мацэ игу ирихьакъым и цIэр къызэрыраIуар: «Сыт езым и закъуэ къыщIригъэблэгъэн хуейр?»

Апхуэдэу жиIа пэтми, езы Зилэ я пашэу цIыкIухэр Бабыху пежэжьащ...

Iуэхум щымыгъуазэм, мыIэрысэ кIарзинкIэшхуэр илъэфу Бабыху школым кIуэн хуей щIэхъуар зымыщIэм жиIэнкIэ хъунут: «Мэ иджы, еджакIуэхэр фызыжьым дэIэпыкъуным и пIэкIэ, мо тхьэмыщкIэр езыхэм я деж къагъэкIуащ».

Ауэ и пэм къыщыщIэбдзэмэ... Мацэ и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым напIэзыпIэм ар тимуровец хъуну. Ар Гайдар и тхылъми еджат, Тимур и IуэхущIафэхэм фIы дыдэу щыгъуазэт. Абы и закъуэт? Зэпымыуу и зэхихырт я школым тимуровцхэм зэрыщытепсэлъыхьыр... Пэжт, езыр тимуровцу щымыт пэтми, хуей-хуэмейми, абыхэм ялэжьхэм хуэдэ Iуэху гуэрхэр зэфIигъэкIыну и ужь щихьэ щыIэт. Ауэ зэи зыри къикIыртэкъым. Псалъэм папщIэ, Мацэ мыпхуэдэ Iуэху Iууащ... Ар школым щыкIуэкIи, абы къыщикIыжкIи илъагъурт я гъунэгъу ищхъэрэм я хадапхэмкIэ блэкI гъуэгум зэран хъууэ зы жыг лъэдакъэжь зэрытелъыр. Абы ищIэрт ар абдеж щIытелъри: Мэжид - гъунэгъу лIыжьым - и къарум илътэкъым, абы къигъэщIам хуэдиз дыдэ иджыри къипсэужми, ар зэрыщылъауэ абдеж щылъынут. Апхуэдэу щыщыткIэ, сытыт щIэн хуейр? Ар зи хьэлъагъыр хэт къэзыIэтыфынур? КъэзыIэту Мэжид и пщIантIэм зыхьыфынур? Къару зиIэрщ, зи IэпкълъэпкъыргъущIым хуэдэу быдэрщ! Апхуэдэу хэт хьэблэм дэсыр? АпхуэдэлIу Мацэ куэд щIауэ зилъытэжырт!

«Ауэ схуэфIэмыкIрэ, ауан, щIэнэкIалъэ сащIмэ, дауэ хъуну? Зыгуэр къезджэрэ здэзгъэIэпыкъумэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Зыр - ар зыщ, къарууфIэ дыдэу щытми. ТIу ухъумэ, нэхъ тыншщ... Хьэуэ, зыми седжэнкъым, сэ слъэфынщи...» - Мацэ и гупсысэр и кIэм нигъэсакъым.

Ар кIуэжри и портфелыр игъэтIылъащ. ТIысри фIыуэ шхащ - нэхъ къару иIэн щхьэкIэ. ИтIанэ джыдэр къиштэри IурыIэбащ - ар маисэт!

Дакъэжьыр абы хъурейуэ къикIухьащ, и Iэпщэм и къарур къипщытэри къимыгъэщIэхъунуи къилъытащ, занщIэу гуэбэн имыщIын папщIэ, зэ-тIэуи тIысурэ къэтэджыжащ...

Дакъэжьыр а зэрыщылъауэ и пIэм илът, IэплIакIуэу ину, быдэу - зи ныбжь ирикъуа тутей лъэдакъэм и быдагъым фэри фыщыгъуазэу къыщIэкIынщ.

Мацэ джыдэмкIэ тIэу-щэ зихущыхьащ, иригъэпщащкъригъэпщащ, зишэщIри, джыдэр дакъэжьым хиупцIащ, и пэкIэ екъуащ, ибгъукIэ екъуащ - дакъэр и пIэм икIыну мурад иIэтэкъым. ИтIанэ джыдэр и блэгущIэм щIилъхьэри, IуигъэзыкIыжащ.

Бжыхьым щхьэпрыплъу а псор зылъэгъуа Мэжиди, и щхьэр игъэкIэрахъуэри, унэмкIэ иунэтIыжащ.

- Сэ сыкIуэжу аракъым, - жиIащ Мацэ, зи щIыбагъ къэзыгъэза Мэжид кIэлъыджэри.

- Сэ иджыпсту къэзгъэзэжынущ.

«Зыр - ар зыщ, къарууфIэу щытми. Ауэ тIу ухъумэ, нэхъ тыншкъэ?» - егупсысырт ар здэкIуэм.

Мацэ хэт и деж кIуами, къыдэIэпыкъуну зы цIыху игъуэтакъым: зыр дэскъым, адрейр хущIыхьэркъым, ещанэм Iуэху пIэщIэгъуэ иIэщ, еплIанэм жеIэ:

- Сыг бэлыхь ущIыхэтыр? Зилэ и деж кIуэи, пхузэфIигъэкIынщ...

Мацэ ар ещIэ: Зилэ хьэблэ псом щыцIэрыIуэщ, хьэблэм и закъуэ! Ар хэмыту школми зы Iуэху къыщаIэтыркъым. Абыи Мацэ щыгъуазэщ, итIани хуейкъым ар а хъыджэбзыжь цIыкIум елъэIуну...

Мы зэм емылъэIуами, Мацэ нэхъ иужьыIуэкIэ абы зыхуимыгъазэу хъуакъым мыIэрысэ джабэплъым и зэранкIэ.

Мацэ Бабыхухэ я дежкIэ щыблэкIкIи къыщыблэкIыжкIи нэбгъузкIэ хуеплъэкIырт лъэбакъуитху мынэхъыбэкIэ бжыхьым адэкIэ къыщыт мыIэрысейм, дэп жьэражьэм хуэдэу узрамыгъэплъу, абы пыт мыIэрысэхэм. КъэувыIэрти, лъапэпцIий зищIауэ, еплъыртеплъырти, и гурыIупс къэжар иригъэхырти, IуигъэзыкIыжырт зиплъыхьу... Ауэ ихьэу къыпичыну зэи ирикуртэкъым. Мацэ зэми игу къэкIырт пщIантIэм дыхьэу апхуэдизу зэхъуэпса мыIэрысэм щыщ къыIихыну. Абы шэч къытрихьэртэкъым, елъэIумэ, къызэрыритынум. Ауэ, итIани, тегушхуэртэкъым, и лъакъуэри хущIэкIыртэкъым куэбжэм дыхьэну...

ИкIэм-икIэжым, Мацэ мурад ещI Бабыху емылъэIуну, хадэм ихьэу зыхуейм хуэдиз кърихыну.

Махуэр шэджагъуэнэужьыфI хъуат. Уэрамыр нэщIт. Абы зэ хадэмкIэ зыблригъэхащ, зыкъыблригъэхыжащ. И пщэр хишри пщIантIэм дэплъащ. Хадэри къызэхиплъыхьащ. ЩIапIэм псэ зыIут щыдымыртэкъым, дэсIауэ къыщIэкIынутэкъым. Дэсыпэми, а мыIэрысейр ихъумэу щыс - нэгъуэщI Iуэху иIэкъэ? Ар аргуэру зэ уэрамым ириплъащ - зыри илъэгъуакъым.

Мацэ псынщIэу бжыхьым елъэри, хадэм ипкIащ. КъэувыIэри зыщIэдэIукIащ. ИхъуреягъкIэ щымт. Щелъэм бжэгъу щхьэкIэм фIэна и гъуэншэджыр къызэпиплъыхьащ - зыри къыщыщIатэкъым... МыIэрысейри мес, къыпыч узыхуейм хуэдиз, шхы, уигу пэщыху... Хьэуэ, пшхыуэ ущыт хъунукъым. Бабыху...

Абдежым абы къилъэгъуащ и нитIыр къытриубыдауэ къеплъ Бабыху.

Фызым зыри жиIэртэкъым, щытт пэгунрэ жыхапхъэрэ иIыгъыу, и щхьэфIэпхыкIыр екIуэтэкIауэ...

«Мис иджыпсту къыщIидзэнщ, - и щхьэм щыхъупскIат Мацэ, - сыIэщIэмыкIыфыну пIэрэ?»

Абы зимыгъэхъейуэ и хъуреягъыр къызэхиплъыхьащ.

- А цIыкIу, - жиIащ Бабыху, ешауэ. - Iейуэ упIащIэрэ? КхъыIэ, тIэкIу къыздэIэпыкъу...

Мацэ и нэр игъэупIэрапIэу, жиIэнури имыщIэу фызым еплъащ.

- Умышынэ, къэкIуатэ, - жиIащ Бабыху, гуапэу къыпыгуфIыкIри.

Мацэ Iэнкуну кIуэтащ.

- Хэт, цIыкIу, уи цIэр? - къеупщIащ абы фызыр, мыдрейр бгъэдыхьа нэужь.

- Мацэщ, - ерагъмыгъуейуэ къыдришеящ, абы.

- АтIэ, Мацэ, умыпIащIэтэмэ...

Е, зэрыпэмыплъауэ, Iуэхур къызэрыщIидзара хьэмэрэ, пэж дыдэуи, ар мыпIащIэу арат, сытми Мацэ а пщIантIэм пщыхьэщхьэ пщIондэ зыщиIэжьэн хуей хъуащ.

ПщIантIэм пхъэнкIийуэ дэлъар пхъэнкIий идзыпIэм ихьащ, гуэщри зэлъыIуихащ. Зэбгрыдзауэ гуэщ щIыбагъым дэлъа пхъэ къомыр самэу зэтрилъхьащ. Бабыхуи и Iэр увыIатэкъым, щымыгугъыххауэ къыхуэкIуа дэIэпыкъуэгъум къыпыкIынур къыпихыну мурад ищIри.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, Мацэ Бабыхухэ я деж къыдэкIыжащ, берычэт бесынышхуэри къыжраIауэ, мыIэрысэ плъыжьхэр зэрылъ целлофан хъуржынри IэщIэлъу, ауэ къызэрыдэкIыжар къызэрыдыхьамкIэкъым, куэбжэмкIэщ - «емыкIущ, дауэ щытми»...

Абы нэмыщIкIи, Мацэ егупсысащ къыщыщIар ибзыщIмэ, нэхъыфIу. Ауан къащIынкъэ? Тхылъыр тхылъщ, Тимур тхылъым сыти щебгъащIэ хъунущ... ГъащIэр аракъым. Еплъыт шху птулъкIэ тхурытху ярыту сеткIитI иIыгъыу уэрамым къыдыхьи е пхъэнкIий пэгун пIыгъыу закъегъэлъагъуи... Сэ зы псалъэ цIыхум жесIэнкъым... Бабыхущи... Хьэуэ, фызыжьым...

Мацэ и гупсысэр и кIэм нимыгъэс щIыкIэ Зилэ къилъэгъуащ: хъыджэбз цIыкIур тыкуэным къикIыжырт, сумкIэшхуэ иIыгъыу...

«ЛIо къэхъунур, зэрыщыта дыдэм хуэдэу псори хуэсIуатэмэ?..»

Зилэ занщIэу гу лъитащ Мацэ и напщIэ зэхэлъым.

- Мыр сыт, апхуэдизу уи пэр къыщIыпылэлар? - Мацэ, зыри жимыIэу, хъыджэбз цIыкIум мыIэрыситI хуишияущ.

- Мыр елърэ, мыбы и дахагъым! - игъэщIагъуэу Iэбэри Iихащ мыIэрыситIыр.- Дэнэ къипха?

ТIэкIу зрилъэфыхьри, Мацэ жиIащ:

- Бабыху къызитащ.

Зилэ «хъущт» жиIэу щIалэ цIыкIум еплъащ, Маци къыгурыIуащ ар абы гурыщхъуэ хэлъу къызэреплъар.

- ЛIо, уи фIэщ мыхъуу ара?

- Сыт щIэмыхъур, мэхъу, - жеIэ Зилэ, - ауэ...

- Узыхуей дыдэмкIэ тхьэ пхуэсIуэнщ, - къызыщIэувыIыкIащ Мацэ. - Ухуейрамэ... Сэ абы и деж нобэрей махуэм сыщыIащ. Бабыху и закъуэпцIийщ... ПщIантIэм Iуэхуу дэлъым гъуни нэзи иIэкъым - и Iэр хунэсыркъым...

Зилэ аргуэру нэбгъузкIэ Мацэ хуеплъэкIащ.

- Уи фIэщ хъуркъым, аракъэ?

- Мацэ хъыджэбз цIыкIум и нэгум щIэплъащ.

Зилэ, Мацэ жэуап иримыту, уэрамыпэм деж топ щыджэгу щIалэ цIыкIухэм ябгъэдохьэри, жеIэ:

- Зы дакъикъэкIэ фызэтеувыIэт...

- Сыт, сыт къэхъуар?

- Пщыхьэщхьэ псынащхьэм фынакIуэ. Iуэху щыIэщ. Уэри накIуэ, - зыхуегъазэ абы Мацэ.

Зилэ я дежкIэ иунэтIыжащ.

Мацэ абы кIэлъыплъу зыкъомрэ щыта нэужь, зыри къыгурымыIуауэ и дамащхьэр дригъэуейри, кIуэжащ, щIалэ цIыкIухэми джэгун щIадзэжащ...

Пщыхьэщхьэм цIыкIухэр псынащхьэм щызэхуэсащ.

- Сыт укъыщIыдэджар? - щIоупщIэ Мацэ. Абы гузэвэгъуэр телъщ, нобэ къыщыщIар хъыджэбз цIыкIум къищIа и гугъэу.

- ФщIэрэ... Ди хьэблэм Тимур иIа командэм хуэдэ къыщызэдгъэпэщыфынущ...

- Хэт дэ къытхуейр? - зэплъыжащ щIалэ цIыкIухэр. - Къуэрылъху-пхъурылъху зимыIэ дэнэ къыздипхынур?..

- ТщIэнур куэдыжьщ... Бабыху, псалъэм папщIэ. Фызыжьым и цIэр зэрызэхихыу, Мацэ дэпым хуэдэу къызэщIоуцIыплъэ.

- ЛIо, Бабыху? ЛIо Хьэсэнбий езгъащIэр? - жеIэ цIыкIухэм ящыщ зым.

- Хьэсэнбий Дзэлыкъуэ щыIэщ, - япэ зыкърегъэщ Мацэ.

- Зэхэпха?.. Ар зы Iуэху. НетIэ си деж Нурбий нэжащ. МахуитIкIэ Налшык макIуэ. МэлъаIуэ и тхьэкIумэкIыхьхэм дыхукIэлъыплъыну. БгъэщIэхъу хъун?.. Дауэ феплърэ? Мис, Мацэ жеIэ Мэжидхэ я уэрам еуэкIыпIэм деж щылъ жыг лъэдакъэжьри Iухын хуейуэ. Iуэхур гъунэжщ, гукъыдэж диIэ закъуэмэ...

Бабыху цIыкIухэм гуапэу къахупыгуфIыкIри, кIарзинкIэм телъ тхылъымпIэр трихащ:

- Мис, къыфхуэсхьащ мыIэрысэ джабэплъ, зэвмыусыгъуэджэмэ, фшхы...

КIуантIэ Iэзид и IэдакъэщIэкIхэмрэ адыгэбзэмкIэ зэридзэкIа тхыгъэхэмрэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

КОРНИЛОВЭ Галинэ

Хьэндырабгъуэ

Зы махуэ гуэрым Мыщэ мэзым зыщиплъыхьу щIэту и пэнцIыв дыдэм хьэндырабгъуэ къытетIысхьащ. Мыщэ зыщIэувыIыкIри, нэбгъузкIэ еплъэкIащ: абы и пэм къытетIысхьар хьэндырабгъуэ дахэшхуэт, и дамэхэм гъуэжь-морафэ IэпапIэхэр хэту.

«СЫТУ СЕХЪУЛIА, - жиIащ Мыщэ, - сеуэнщи, хьэндырабгъуэ зэхуэсхьэсынщ. Мис мыр къэзубыдынщи, абджыпс пхъуантэм изгъэтIысхьэнщ, итIанэ ар блынджабэм фIэздзэжынщ. КъыскIэлъыкIуэ си ныбжьэгъухэм ар ялъагъумэ, ягъэщIэгъуэнщ: «Сыту уахъырзэман уэ! Сыту фIыуэ зэхуэпхьэса хьэндырабгъуэхэр!»

Мыщэ хьэндырабгъуэр къиубыдыну зыщигъэхьэзыр дыдэм, ищIа мурадым хущIегъуэжащ: «Апхуэдэу сщIымэ, а хьэндырабгъуэр пхъуантэм мастэкIэ хегъэуубыдэн хуейщ. Сэ сызыхуейм сокIуэ, мэзым зыщызоплъыхь, сезэша нэужькIэ жыг лъэдакъэм сытотIысхьэ зызгъэпсэхуну, ауэ а жыг лъэдакъэр ауэ къызэрыгуэкIкъым, атIэ псэ зыпыт гуэру къыщIокI. ИкIи а зыгуэрыр мыпхуэдэу егупсысамэщэ: «Сеуэнщи, Мыщэ хуэдэ куэд зэхуэсхьэсынщ». Аращи, абы сыкъеубыд, мастэкIэ пхъуантэм сыхрегъэубыдэри, блынджабэм сыфIедзэж. Абы и ныбжьэгъу къыкIэлъыкIуэхэм сыкъалъагъури, жаIэ: «Сыту Мыщэ куэдыжь зэхуэпхьэса!»

Арати, Мыщэ ищIа мурадым хущIегъуэжащ.

ЗэзыдзэкIар **МЭЛЕЙ ФатIимэщ.**

● ЕджакIуэхэм папщIэ

Сосрыкъуэ и джатэмрэ и шымрэ

Нарт зэшищыр гъуэрыгъуэурэ сыджым щеIам щыгъуэ, Сосрыкъуэ адэкIэ къыщыту къеплъакIуэрт. Зэшищым сыджыр къащыхуэмыIэтым, Сосрыкъуэ къахыхьэри, Лъэпщ ельэIуащ.

Сосрыкъуэ: Хъунумэ, сегъэплъ зэ сегъэIи.

Зэшищым я нэхъыжьыр: Сыт уи еIэ уэ гъущIIэрыщIым!

Курытым: Сыт уи еIэ уэ тхьэмадэ къуагуэрэ егуэжь цIыкIужьым ещхь Iейм. Уи еIэ къэт уэ, куцIыншэ къупщхьэу зэгъэпцIам!

НэхъыщIэм: Сыт уи еIэ уэ тхьэмыщкIэм , кIуэи фи жьэгум дэтIысхьэж.

(Сосрыкъуэ къогубжь. Зыри жимыIэу сыджым бгъэдохьэ, йоIэбыхри ар къызэщIеубыдэ. Нарт зэшищым Сосрыкъуэ ауан къащIу мэдыхьэшх).

Сосрыкъуэ йоIэри сыджыр къеIэт, зыхэ тIауэ щытам де жехьри, нэхъ бидэжу хесэж. Нарт зэшищым ар гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ хъыбарышхуэ нартхэм хуаIуэтэжыну тхьэ зэхуаIуэ.

Зым: Мыр сыт телъыджэ!

ЕтIуанэм : Хьунтэкъым си фIэщ, сымылъэгъуамэ.

Ещанэм: ЯIуэтэжщ нобэ тлъэгъуар. Зымылъэгъуам и фIэщ хъун ар!?

Лъэпщ : Хъунщ, хъунщ, нартхэ я зэшищ. Зэшищ-джатищым къыфпэхъун щымыIэу дунейм фытетынкIэ сыфхуохъуахъуэ! Нобэ тлъэгъуа телъыджэм и фIыгъэкIэ маисэ зырыз фхуэсщIынщ, нэгъуэщI гъущIым къыхэсщIыкIынщи. Мы фэ къэфхьа шэмэджыр Дэбэч езы Тхьэгъэлэдж х уищIауэ щытащи, абы къыхэсщIыкI джатэр сэ зыхуэфащэм естынщ. Сэ махуэ къэс зы маисэщ схуэщIынур. Пщэдджыжь къэс хэт япэ си кIыщым къыщIыхьэми, япэ сщIы маисэр абы ейщ.

(Нарт зэшищыр кIыщым щIэкIыжащ, Лъэпщ лъащэу къыщIэнащ. Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри, Сосрыкъуэ зэшу и закъуэ здэщысым, Сэтэней къыщIохьэ).

Сэтэней: А си щIалэ, щхьэ унэщхъей?

Сосрыкъуэ: Сэ сымынэщхъеймэ хэт нэщхъеин? Сыныбжьэгъукъым, сыжэрэгъукъым. Мо пщIантIэм дэт ди хьэжьрэ пэт Iуэху ещIэ, зи мыхъуми хьэулей къыдыхьэмэ, мэбанэ. Сэ сыдэсщ жьэгум, яжьэр зэIызощIэри, дунейм щащIэри сымыщIэ у.

Сэтэней: А си щIалэу си щIалэ закъуэ, хамэкъуэм пэщIэ тыфын! Уэ иджыри ущIалэщ, бий уиIэнкIэ игъуэджэщ. Къуэш пэжым, ныбжьэгъу-жэрэгъум ульыхъуэмэ, нартхэ сахоплъэри, уэ бдэхъун яхэслъагъуэркъым. Нартхэ ныбжькIэ псори лIыпIэзэрытхэщ, абыхэм яхэткъым уэ пхуэдэу щIалэ, уи напэр тримыхыну , ныбжьэгъу пэжи къыпху эхъуфыну.

Сосрыкъуэ: А си анэу Сэтэней, сэ сызылъыхъуэ ныбжьэгъур уэ жыхуэпIэракъым. Сэ сыхуейщ ныбжьэгъу, уэгъуэм щыгъуэ мыкъутэжыну, гузэвэгъуэм щыгъуи мыдзыхэжыну: сэ сыхуейщ зы джатэ, сэ сыхуейщ уанэ телъу шы закъуэ.

(Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри, Лъэпщ и кIыщращ).

Сэтэней: Си къуэм сигъэпсэуркъым дуней техьэныр къыщыхьащи, джатэ схуегъэщI, шы къысхуэгъуэт къызжеIэ. Ар шыгъэлIыгъэм пыхьэнкIэ иджыри сфIэщIалэIуэщ.

Лъэпщ: Хьэуэ, Сэтэней гуащэ, ущоуэ, уи къуэм и жаныгъуэщ. ФэкIэ щIалащэми, гукIэ лIыщ. Упэрымыуэ, шыгъэ-лIыгъэм щыпыхьакIэ, утIыпщ. Ар джатэ хуеймэ, кIуэжи къэгъакIуэ си деж.

(Сэтэней щIокI, Сосрыкъуэ къыщIохьэ).

Лъэпщ: Сыт хуэдэ джатэ узыхуейр, Сосрыкъуэ?

Сосрыкъуэ: Сэ сыхуейщ джатэ мыкIыхьу, мыкIэщIу. Бий жыжьэр къыщышынэу, бий гъунэгъ ур хигъащIэу. Сеуэм пигъэщу, сепыджым пхигъэщу.

Лъэпщ: АтIэ, мис мы джатэр апхуэдэ джатэ пхуэхъунщ.

Сосрыкъуэ: Тхьэгъэлэдж и шэмэджым къыхэпщIыкIа джатэра мыр?

Лъэпщ: Аращ. Иджыри сыт ухуей?

Сосрыкъуэ: Иджы срежьэну зы шы закъуэ сиIэжатэмэ, нэгъуэщI зыри сыхуейтэкъым.

Лъэпщ: Шы ухуеймэ, уи анэм елъэIу, абы шыфI иIэщи къуитынщ.

(Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри, итыр Сосрыкъуэрэ Сэтэнейрэщ. Сосрыкъуэ джатэр кIэрыщIауэ къыщыкIуэжым, Сэтэней еплъщеплъри...)

Сэтэней: СощIэ иджы укъызыхуэтыр, си щIалэ, Лъэпщ а джатэр уэ къыщыпхуигъэфэщакIэ, зыгуэр къыпхэкIыну къыщIэкIынщи, накIуэ, сэ уэ пхуэзгъэшхащ шы. Плъагъурэ мо абрэмывэр?

Сосрыкъуэ: Солъагъу. Ар сыту ин!

Сэтэней: Абрэмывэр IубгъэкIуэтыфрэ бгъуэнщIагъым ущIыхьэфмэ, абы шы щыбгъуэтынщ. Абы щIэт шым ушэсыфмэ, ар шы пхуэхъунщ.

(Сосрыкъуэ абрэмывэм еIэри Iуидзащ икIи бгъуэнщIагъым щIыхьащ. Абы шы щыщ макъ, щIыр къизыуд шы фIалъэ макъ къыщIоIукI. Сосрыкъуэ къыщIокIыж бгъуэнщIагъым).

Сэтэней: Сыт къэхъуар, си щIалэ?

Сосрыкъуэ: Ижьрабгъу зыхуэсщIами, сэмэгурабгъу зыхуэсщIами - сызыбгъэдигъэхьакъым.

Сэтэней: А си щIалэ, абы лIыуэ укъилъытэркъыми аращ ущIызыбгъэдимыгъэхьэр.

(Сосрыкъуэ къэгубжьауэ аргуэру щIольэдэж бгъуэнщIагъым. Абы къыщIэIукIащ шы лъэ щIэпхъуэм и макъыр. Сосрыкъуэ мэкIий: «Плъэкl къыумыгъанэу щIэпхъуэ!»)

Сэтэней: А си гуIэгъуэ махуэт, си щIалэ закъ уэр сфIеукI.

(МэгуIэри щытщ. Зы зэманыфI докIри, Сосрыкъуэ бгъуэнщIагъым къыщIокIыж, пщIэнтIэпсыр къежэхыу).

Сэтэней: Сыту куэдрэ укъэта, дэнэ мыгъуэм ущыIа, си щIалэ?

Сосрыкъуэ: Пшэм дэсхуейри щызудыныщIащ, щIылъэм къесхухыжри зрезгъэсащ, зрезгъэтIащ.

Сэтэней:Уэ дауэ ухъут?

Сосрыкъуэ: Зыкърезгъэдзыхакъым. Ерыщ екIуэри, пцIащхъуэр здэмылъэтэф къыр зэхуакум сыдихьащ.

Сэтэней: Ас..с мыгъуэ!

Сосрыкъуэ: Зыкърезгъэдзыхакъым. Аргуэру срихьэжьэри, псы къуэпсиблыр щызэхэуэм хэлъэри зэпрысыкIащ, къызэпрысыкIыжащ.

Сэтэней: АтIэ, уэ дауэ ухъуа?

Сосрыкъуэ: И бгым сыкъехакъым, и гъусэу сесащ. Жэщибл-махуибл дэкIа иужьщ щезэшар. Сэ иджыри си къарур изти, «Нежьэ, хьэм яшхыжын, уэ уи джэгун икIами, сэ си джэгугъуэр иджыщ къыщихьар» - жысIэу сыщелъэдэкъауэм, и лъэр хузэблэхакъым. Сыкъэгубжьу зей дамэкъуиблыр щытескъутэм, къэпсалъэри жиIащ.

Сэтэней: Шыр къэпсалъэуи?!

Сосрыкъуэ: ...Къэпсалъэри жиIащ: «Амыщу си тхьэмыгъэпцI, жыпIэм семыпцIыжынкIэ, уэ лIы ухъумэ, сэ шы сыпхуэхъункIэ!»

Сэтэней:Тхьэшхуэ! Уэ сыт жепIар?

Сосрыкъуэ: Шы ухъунумэ, нежьэ жесIэри, унэмкIэ кърезгъэIуэнтIэкIри, сыкъызэрысыжу бгъуэнщIагъым щIэсшэжащ.

Сэтэней: А си щIалэ, сэ уэ узгъеижу сыщыст.

Сосрыкъуэ: Хьэуэ, си анэ, уэ сэ сумыгъей! ИIэ иджы, си анэ, схуэщI гъуэмылэ, ари мащIэу, ари псынщIэу, ари ку эдрэ схурикъуну. Сэ иджы сежьэнущ. Си гугъэщ си дуней техьэгъуэу!

КЪАЛМЫКЪ Аднан.
(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Лъагъуныгъэр - интернеткIэ

Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм пщыхьэщхьитIыкIэ щекIуэкIащ «Лъагъуныгъэр - интернеткIэ» спектаклыр. Дудар Зарэ итха пьесэм спектакль къытезыщIыкIар режиссер Дэбагъуэ Романщ. Абы и зы теплъэщ мы сурэтым щыфлъагъур. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ уэрэджыIакIуэ Шал Хъусенрэ мы лэжьыгъэр къазэрехъулIам и щыхьэтщ спектаклым цIыху куэд зэрыкIуэр.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Фэ фщIэрэ?

Сократ

Псоми къызэралъытэмкIэ, Сократ цIыху нэхъ Iущ дыдэу дунейм тетахэм ящыщщ.

АР ДИ ЭРЭМ и пэкIэ илъэс 470-рэ гъэм Алыджым, Афинхэм, къыщалъхуащ. И сабиигъуэмрэ и адэ-анэмрэ ятеухуауэ мащIэ дыдэщ ди деж къэсар. Апхуэдэ дыдэуи и IэдакъэщIэкI гуэри дунейм къытринакъым.

ЛIы Iущым и еджакIуэу щыта алыдж философ Платон диалог щIыкIэу итхыжауэ щытащ Сократ зыхуигъэсахэмрэ абы и гупсысэкIэу щытамрэ.

Платон зэрыжиIэмкIэ, Сократ махуэ псор щигъакIуэр Афинхэм щыIэ бэзэрырат, абы псэлъэгъу ищIырт къедэIуэну арэзы хъу псори. Псом хуэмыдэу ядэуэршэрыну фIэфIт Iуэхугъуэ гуэрым фIы дыдэу хищIыкIыу зыкъэзылъытэжхэм. Апхуэдэхэм упщIэ яритурэ я гупсысэр къаригъэIуатэр ти, ар зэрымыпэжыр, Iуэхум фIыуэ щымыгъуазэу псалъэ зэрымыхъунур яриIуэкIырт. УпщIэ иратурэ цIыхур гъэпсэлъэныр Сократ и Iэмалу щIагъэувари аращ.

Афинхэм щыпсэухэм фIыуэ ялъагъуу щытакъым Сократ, ар сытым дежи цIыхум и дуней еплъыкIэм пэщIэувэрти. Алыджхэм къалъытэрт Сократ пэжыр къримыдзэу.

Ди эрэм и пэкIэ 399 гъэм Сократ и бийхэм судым ирадджат, алыдж щIалэгъуалэм я гупсысэкIэр зэIигъэхьэу, диным къыхуигъэув Iуэхугъуэхэр имыгъэзащIэу къалъытэри. ИужькIэ Платон зэритхыжамкIэ, ар хеящIэхэм я пащхьэм хуабжьу тегушхуэгъуафIэу, гушыIи хэлъу къыщыпсэлъащ. ЩхьэпылъапIэм зэрырашэлIэнур ищIэрэ пэт, Сократ абы щыжиIащ, нэхъапэм хуэдэ дыдэу дяпэкIи зэрыпсэунур, пэжыр къыхутэным иужь зэритынур.

ЛIы Iущым и иужьрей махуэр и ныбжьэгъухэм яхэсу, псэр зэрыуахътыншэм тепсэлъыхьу игъэкIуащ. Щхъухьыр зэрыт фалъэр къиштэри, зыкIи мыIэнкуну ефауэ щытащ ар. Зи нэпсыр щIэзылъэщIыкI и ныбжьэгъухэм зыри жамыIэу щыму щысыну елъэIури, гуфIэр и нэгум кърихыу лIащ.

ШЫПШ Даянэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: 7. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ еджагъэшхуэ, абы и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ. (Сурэтым). **8.** Къуаншагъэ зылэжьам тращIыхь унафэ; етхьэкъуныгъэ. **9.** Географие картэхэр, таблицэхэр щызэхуэхьэса тхылъ. **12.** Зэпщэ музыкэ Iэмэпсымэ. **13.** Щэр цIыкIуцIыкIуу упщIэтауэ ныхум илъу, бжьын, шыбжий, сыт хуэдэхэр хэлъу ящI адыгэ шхыныгъуэ. **14.** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэу щыта. **15.** ... егъу нэхърэ ныбжьэгъуфI. - Адыгэ псалъэжь. **17.** ЯукIыу зи фэр траха, ауэ зэпкърамыхыжа мэл. **20.** Нартыху гъэлыгъуам къыхэщIыкIа хьэжыгъэ, адыгэ шхыныгъуэ. **21.** Музыкэ, сурэт щIын, театр сыт хуэдэхэр къызэщIэзыубыдэ IэнатIэ. **22.** Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, адыгэ композитор цIэрыIуэ. **23.** Художественнэ произведенэхэр зытх цIыху. **24.** Теубгъуа щIыкIэу муслъымэн дин лэжьакIуэхэм зэрахьэ щыгъын щIыIутелъ. **26.** Чыристан диным и дамыгъэ. **29.** КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэм хэт цIыхубз. **34.** Адыгэ цIыхубэ уэрэд. **35.** Адыгэхэр мысыркIэ зэджэ лъэпкъыр щыпсэу, адыгэ мамлюкхэр илъэси 137-рэ зи пащтыхьу щыта къэрал. **36.** Бэдынокъуэ и адэ. **37.** Зэманыжьым къагъэсэбэпу щыта Iэщэ, ирищакIуэу, иризауэу. **38.** Пятигорск и гъунэгъуу щыIэ Iуащхьэ.

Къехыу: 1. Асу зыщIэлъ, къару зиIэ шхыныгъуэ. **2.** КIэрахъуалъэ. **3.** Хьер зэхъулIэ, зи лэжьыгъэм берычэтыр къыпыкI цIыху угъурлы. **4.** Губгъуэхэм, мэкъупIэхэм щыпсэу, зи лыр IэфI, зи джэдыкIэр хущхъуэ, къуалэбзу мыин. Абы бажэри къигъэпцIауэ щытауэ жаIэж. **5.** Мыл зытрищIа щIыпIэ. **6.** ЩэкI лIэужьыгъуэ. **10.** КIапсэ къыхащIыкIыу ди щIыпIэхэм куэду щащIэу щыта, иджы ягъэкIуэдыжа къэкIыгъэ. **11.** ЖьакIэшхуэ тетщ, ауэ жьантIэр лъагъэсыркъым, мэл гуартэм и пашэ ящI мыхъумэ. **16.** Аруан куейм щыIэ къуажэ. **17.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ. **18.** ФIыуэ зэрылъэгъуахэр зэпызыщIэ. **19.** ЩIэныгъэ зэзыгъэгъуэту школым щIэс. **25.** ХадэхэкI сыр, шхынхэлъхьэ. **27.** Дзэм, флотым, милицэм нэхъыбэм унафэщIу щыIэ цIыху. **28.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ куей, ауз, щежэх псы. **29.** ... нэщI нэхърэ хадэ нэщI. - Адыгэ псалъэжь. **30.** НэщI исым и пщэдджыжьышхэ. **31.** Гуузу кIуэдам хуаус уэрэд гуауэ. **32.** Гъавэр щымыхъуа, цIыхухэр ерыскъыкIэ гугъу щехь гъэ. **33.** ЦIыху куэд щызэхуэсу гъуазджэм и IуэхущIапIэхэм ящыщ зы.

Зэхэзылъхьар [illegible]лийщ.



Жэпуэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 3. Цей. **4.** Хьэблэ. **5.** «ТекI». **11.** Дыгъуасэхэр. **12.** ФIыцIэм. **13.** Старэ. **15.** Iэщэ. **16.** Дыщэ. **18.** Афэ. **21.** Иджы. **22.** Хьэлу. **23.** Умар. **28.** Тарас. **29.** Сарыкъ. **30.** НапщIэ. **31.** Жыгей. **36.** Нало. **37.** Пшэр. **40.** Ужьэ. **41.** Еуэ. **42.** Парк. **45.** Пэгун. **47.** Поэмэ. **49.** Темыр. **51.** Щытыгъакъым. **52.** Май. **53.** Щолэхъу. **54.** Бын.

Къехыу: 1. ХьэкIуащэ. **2.** Елбэрд. **3.** Цагъуэ. **6.** КIэщт. **7.** Псыгъуэхэр. **10.** Партизан. **14.** КIуащ. **17.** Пыл. **19.** Саур. **20.** Заур. **24.** Сэтэней. **25.** Макъейхэ. **26.** ПапщIэ. **27.** Къасым. **32.** Махъэшокъуэ. **33.** Сокъур. **34.** Епэр. **35.** Мэремыкъуэ. **38.** Ауз. **39.** Къуэр. **43.** Арыкъ. **44.** Крылов. **45.** Пхафэм. **46.** Гупыр. **48.** Майм. **50.** Елэн.

● ГушыIэхэр

УкъыкIэрыхуащ, ныбжьэгъу

Милицэм хабзэр къызэпызыуда машинэр къегъэувыIэри, пщащэр къокI.

- Машинэ къепхуэкIыну узэрыхуитым щыхьэт техъуэ уи тхылъыр сыгъэлъагъут, хъыджэбз.

- УкъыкIэрыхуащ, ныбжьэгъу милиционер, ар дыгъуасэ уи лэжьэгъум естащ.

Апхуэдиз мыIэрысэ

Фадэ ефэныр хыфIэзымыдзэф цIыхухъур дохутырым деж кIуащ.

- Дауэ хыфIэздзэну мы фадэр, - еупщIащ ар дохутырым.

- Тынш дыдэщ, щIалэ, - жеIэ дохутырым. - Фадэ уефэну уигу къихьэху зы мыIэрысэ шхыи зэфIэкIащ.

- Агъу, сыт а жыпIэр, апхуэдиз мыIэрысэ схуэшхыну сэ?!

Уеджэфрэ?

ЩIалэ гуэрым еупщIащ:

- Тхылъ уеджэфрэ?

- Уей, сымыщIэ, зэи къасщтэу семыплъа.

Хьэм ущедэхащIэкIи, башыр хыфIумыдзэ.

Абхъаз.

Пэжым и гъуэгур бгъуфIэщ.

Абазэ.

Псэм фIэфIыр нэм фIэдахэщ.

Адыгэ.

ДэкIуеипIэр къэзыгъуэтым къехыжыпIэри къегъуэт.

Авар.

● Псалъэжьхэр

Псэм фIэфIыр нэм фIэдахэщ

ГъущIыр зыгъэткIур мафIэращ.

Даргин.

Уэсыр хужь дахэ щхьэкIэ, цIыхур тоувэ.

Къэрэшей.

● Псэущхьэхэр

Жираф

Дунейм тет псэущхьэ псоми я нэхъ лъагэ дыдэр жирафращ. Абыхэм я лъагагъыр метри 5,5-м ноблагъэ. Апхуэдэ дыдэуи, абы нэхъ лъакъуэ псынщIэ зиIэ псэущхьэ щыIэу къыщIэкIынкъым.

Я ТХЬЭКIУМЭХЭР инщи, жыжьэ къыщыIу сыт хуэдэ макъри тынш дыдэу зэхах жирафхэм. Къищынэмыщlауэ, мэр жыжьэу къащIехьэри, шынагъуэм зыщахъумэф.

Жирафым и бзэгур хуабжьу кIыхьщ - язынықъуэхэм яйр сантиметр 45-м фIокI, икIи ахэр сэбэп къахуохъу жыгым пыт тхьэмпэхэр гугъуехьыншэу къыпачу яшхынымкIэ.

Зыгуэрым игъащтэу ирихужьа жирафым зы сыхьэтым километр 50 ижыфынущ, шы нэхъ псынщIэ дыдэми тежынущ. И хьэлкIэ Iэдэб щхьэкIэ, абы къыпэщIэувэм фIы щIихынукъым, сыту жыпIэмэ, и лъакъуэхэмкIи и щхьэмкIи удын хьэлъэ едз.

Асльэнрэ пэт, жирафым щещакIуэм деж ху абжьу мэсакъ.

СРЫХЪУ Санэ.



● Чэнджэщхэр

ВакъэщIэр пхуэзэвмэ...

Шкафым мэ гурымыхь къыдихмэ, кофе хьэдзэ зыбжанэ дэфлъхьи, мэр кIуэдыжынущ.

* * *

Хьэкъущыкъум бдзэжьеимэ къыкIэрихмэ, серчэм хэщIа хъыданкIэ плъэщIрэ, псы хуабэ дэбгъэжэхыжмэ, къабзэ мэхъуж.

* * *

Данэ фIыщIэм къыхэщIыкIа щыгъыным и фэр нэхъ дахэу щытынущ бжьыщIа нэужь, шыгъу зыхэлъ псы (псы литри 5-м шыгъу грамми 125-рэ хуэзэу) щIэбгъэжыжмэ.

* * *

ВакъэщIэр пхуэзэвмэ, газет псыф иплъхьэрэ гъущыху ибгъэлъмэ, зэIыкIынущ.

* * *

Пэшым щIэт тутын Iугъуэр хьыдан псыфым щIэх дыдэу зыщIешэ.

* * *

ЩIымахуэм щIыбым щыфIадзэ жьыщIыгъэр мыщтын щхьэкIэ, шыгъу зыхэлъ псы щIагъэж.

* * *

Вакъэм щахуэ кремыр гъуамэ, скипидар тIэкIу хэбгъаткIуэу зэIыпхыж хъунущ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Зи напэ къабзэр зыми щышынэркъым

ПцIыупсым пэж щыжиIэм дежи дзыхь хуэпщIыжыркъым.

Цицерон,
урым философ.

ЦIыхур къыщIомылъэIуа Iуэхутхьэбзэ зэи хуумыщIэ.

Бальзак Оноре,
франджы тхакIуэ.

ПцIыр уIэгъэ хьэлъэм ещхьщ: кIыжми, пIэ къытонэ.

Саади,
перс, таджик усакIуэ.

Акъылым и жанагъыр къызэращIэр гупсысэм и бжыгъэмрэ ар къызэрагъэсэбэпыфымрэщ.

Гельвеций Клод,
франджы философ.

● Хабзэм щыщ

Сэлам гуапэ

Уи деж хьэщIапIэ къэкIуахэм ящыщ зы хэбубыдыкIыу ущIэупщIэу, удэуэршэру ущысыныр къезэгъыркъым.

* * *

Бзылъхугъэр зыхыхьахэм закъыщригъэцIыхум деж и унэцIэр жиIэркъым, и цIэм фIэкIа.

* * *

Узыхуэза цIыхум сэлам гуапэ епхын хуейщ: ар кIыхьлIыхьу е и Iэр бгъэузу быдэу пкъузын хуейкъым, апхуэдэуи къыпфIэмыIуэхуу уи Iэр хуэпшийкIэ зэфIэкIыркъым.

* * *

Бзылъхугъэр къыпщхьэщыту уепсэлъэныр емы кIущ. Абы сытым дежи тIысыпIэр хуит хуэпщIын хуейщ.

* * *

Пшыхь гуэр укIуарэ нэхъ жьыуэ укъыщIэкIыжын хуей хъуамэ, псоми яжепIэныр Iэмалыншэкъым, ауэ махуэшхуэр зейм зыхуэбгъазэу сэлам епхыжын хуейщ.

* * *

Узыхэт гупым ящыщ зым къиIуэтэж хъыбарым ущыгъуазэу щытми, ар зэпыбуд хъунукъым, атIэ уедэIуэн хуейщ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым. Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымы и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Иуан Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*. ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:*** **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.127 ● Заказ №3068